**Байбихьул классазе**

**авар мацӀалъул ва цӀалияльул программаби**

## ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН

Миллияб махӀалдасаги, миллияб рухӀалдасаги, рухӀияб бечелъиялдасаги шагьаралъvл лъимал махӀрумлъулел рукӀиналда бан, лъайкьеялъул министерствоялъул коллегиялъ хӀукму гьабуна гьездаги рахьдал мацӀ малъизе.

Гьеб масъала гӀумруялде бахъинабиялъул мурадалда гӀуцӀараб буго байбихьул классазе хӀисаб гьабураб гьаб программаги.

Гьелъие кьочӀое босун буго гӀаммаб лъайкьеялъул гьоркьохъеб школалъул кӀиабилеб (№ 2) цӀалул план.

Гьелда рекъон, шагьаразул школазул байбихьул классазда рахьдал мацӀ малъизе бихьизабун буго анкьида жаниб тӀоцебесеб классалъе кӀи-кӀи, кӀиабилеб – лъабабилеб классазе лъаб-лъаб сагӀат.

Шагьаразул школазул байбихьул классазда рахьдал мацӀ малъиялъул аслияб мурад буго цӀалдохъабазул кӀалзулгин хъвавул калам цебетӀезаби, гаргазе ругьун гьари ва гьезул гӀакълу цӀубазаби, ай тӀубазе ккола бацӀцӀадаб литературияб мацӀалъ кӀалъазе малъиялъул ва гьелъул кьучӀалда гӀакълу цебетӀезабиялъул масъала.

Шагьаралъул школалде рачӀуна мадаралда рахьдал мацӀалда кӀалъалелги, бицунеб жоялъул магӀна босизе кӀолел, амма кӀалъаларел, лъималги. Гьезул цо тайпа буго я мацӀ бичӀчӀулареб, яги кӀалъалареб. Гьединлъидал, росабазул школазе хӀисаб гьабурал программабаздаги цӀалул тӀахьаздаги рекъон, шагьаралъvл лъималазда мацӀ малъизе цӀакъго захӀмалъулеб буго. Гьебги хӀисабалде босун, шагьаразул школазда малъизе бихьизабун буго рахьдал мацӀалъул практикияб курс. Гьелъул аслияб масъалалъун буго бицарабги цӀаларабги жо эркенго бичӀчӀулеб даражаялда рахьдал мацӀ лъазаби. Малъулел теориялъулал баяналги цӀалдохъабазда ричӀчӀизаризе руго практикияб куцалъ, ай рекӀехъе определениял лъазаричӀого, сунда щиб абулебали бицине тӀамичӀого, мацӀалъул аслияб роцен хӀисабалда рагӀабиги предложениялги каламалъулъ хӀалтӀизаризе ругьун гьарун.

Гьединлъидал авар мацӀалъул дарсида учителасулги лъималазулги пикру

буссине ккола гӀемер хӀалтӀизарулел рагӀаби лъазариялде, гьелги дандран, предложениял гӀуцӀизе, предложенияздасан хабар херхине ругьунлъиялде (бицунги хъванги). Гьеб масъала тӀубаялъ рес кьола бицунебги цӀалулебги асаралъул аслияб магӀна босизе, рахьдал мацӀалъул кьучӀалда пикру гьабизе ва, гӀенеккарасда бичӀчӀулеб куцалда, кӀалъазе.

Рахьдал мацӀ малъизе, лъимал данде кӀутӀула кӀи-кӀи, лъаблъаб,ункъ-ункъ классалдаса. Гьединлъидал авар мацӀ малъизе кколеб буго, лъимал свакан хадуб, ахираб - щуабилеб дарсида.

Расписаниялдаги миллияб мацӀалъул дарс тӀоцебе лъезе цогидал дарсал кьолел учительзаби разилъулел гьечӀо. ГӀемерисел школазда щуабилеб дарс кьезе кколеб буго сменабазда гьоркьоб къараб 45 минуталда жаниб. Ункъабилеб дарсидаса къватӀире рачӀаралго, щуго минуталъулниги перерыв гьабичӀого, дарс бачине бажаруларо. ТӀаде бачӀунеб сменаялъеги къваригӀуна гьедигӀанабго заман: дарсиде хӀадуризеги классалде цӀияб гьава биччазеги. Гьединал шартӀазда дарсил заман къокълъулеб буго 35 минуталде ккезегӀан. Гьедин бугелъул дарс бачине ккола жигаралда, цӀалдохъабазда чӀалгӀунареб, чӀаголъи цӀикӀкӀараб интересаб формаялда.

Анлъго сон барал лъимал цIалулеб тIоцебесеб классалда батIи-батIиял хIаялги, чIагояб гаргарги гIемер гьабун, хасго ракIгъолеб, лъимал гъираялда гIахьаллъулеб куцалда дарс бачинчIого чара гьечIо. Гурони, гьел хIалтIуларо.

Байбихьуда (I-2 классазда) учителас гIатIидго пайда босула лъикIго лъималазда лъалеб гIурус мацIалдаса, рагIабазул магIна баян гьабизеги учителас бицараб ва цIалараб жо бичIчIулеб бугищали бихьизеги. Авар мацIалъ цIалараб яги бицараб тексталъул хIасил бицине бажарулеб гьечIони, жидеда бичIчIараб жо гIурусалъ бицинеги изну кьела. Гьединго учителас гIурусалъ абурал рагIаби ва предложениял тексталда жанир ратизе ва рахьдал мацIалда цIализе тIадкъала. Авар мацIалда художествияб къагIидаялъ бицараб маргьа, хабар тIубан лъималазда бичIчIулеб гьечIони, учителас гьел къокъго гIурусалъги такрар гьарила. Гьеблъиялда лъималазда мадаралъе рахьдал мацI лъазегIан, гIатIидго мугъчIвай гьабила гIурус мацIалде.

**КIАЛЗУЛ КАЛАМАЛЪУЛ КУРС**

ГIурус мацIалъе кьурал сагIтазул къадар анкьида жаниб 9 бахунеб батани, авар мацIалъе бихьизабун буго гIицIго 2 сагIат, ай ункъо-щуго нухалъ дагьго. Гьединлъидал рес гьечIо гIурус мацIалъул азбука цебе малъичIого. Гьеб лъугIизегIан, авар мацIалъул кIалзул каламалъул курс тIобитIула. Школазда гIурус мацIалъул азбука (букварь) лъугIула гIага-шагарго 15- 20 марталда. Гьеб мехалде щвезегIан халат бахъуна кIалзул каламалъул курс (разговорные уро ки). Гьеб курс гIуцIараб буго гIага-шагарго 48-50 дарсидасан.

Баянаб жо буго, цин цIализе тIамилалде, лъималазда лъазе ккола цIализе ругел рагIабазул ва предложениязул магIна, ругьунлъизе ккола, мукъсанго букIаниги, рахьдал мацIалда кIалъазе, бичIчIизе ккола учителас бицунеб жо ва гьесул амру. Гьеб масъала тIубала кIалзул каламалъул курсалда. Гьединаб хIадурлъи гьечIого, азбука (букварь) цIализе лъимал тIамуни, нилъеца гIемераб заманги гIадада чIвала ва битIунги бичIчIунги цIалиялъул принципги хъачIго хвезабула. Гьединлъидал слогалги, рагIабиги, предложениялги, текстги авар мацIалда цIализе лъимал ругьун гьарула гIурус азбука (букварь) лъугIун хадуб, гьеб малъулаго лъарал, абиялъулъ бицинегIан батIалъи гьечIел цого хIарпазде мугъчIвайги гьабун.

ГIурус азбука лъугIизе лъабго-ункъо анкь хутIараб мехалъ, 6-9 дарсида, дагьа-дагьаб заманги кьун (5-I0 минут), суратазулгин хIарпазул таблицаялдасан цадахъго малъула гIурус алфавиталда гьечIеб, авар мацIалъе хасиятаб I3 гьаракь-хIарп **(къ, кь, кI, гь, гъ, гI, лъ, хъ, хь, хI, цI, тI, чI)**. Лъималазда лъала суратазда цIаралги, гьел цIаразул бетIералда ругел гьаркьал-хIарпалги, гьел цIалулеб куцги. Гьеб хIадурлъиялъул хIалтIи лъугIула гIурус азбука ахиралде щварабго. Гьеб мехалда лъималазда лъикIго лъан букIуна гIурусалъ хъвараб текст цIализе. ТIаде малъарал хасал гьаркьал-хIарпалги гъорлъе ккезарун, цIалдохъабаз байбихьула азбукаялдаса къокъал, магIнаял ва пасихIал текстал цIализе.

Лъималаз цIалул бажари борхизабула, кIалзул каламалъул курс лъугIун, нахъе хIутIарал дарсазда. Гьенибги аслияб кIвар кьола кIалзул каламалъул курсалда битIун абизе ругьун гьарулел рукIарал гьаркьал-хIарпал (**гъ, гь, гI, къ, кь, кI, лъ, хъ, хь, хI, тI, цI, чI)** мухIканго цIалиялде ва хъваялде.

Учителас художествияб къагIидаялъ лъималазе бицине яги пасихIго цIализе хIисаб гьабурал асарал хутIизегIан, шагьаралъул школазул лъималазе тIасарищизе ккола бичIчIизе бигьаял, къокъал предложенияздасан данде гьарурал пасихIал кучIдул ва харбал. Гьезда гьоркьор 1-2 проценталдаса цIикIкIун ричIчIуларел рагIаби рукIине лъикIаб гьечIо. Гьел рагIабиги рукIине ккола предложениялъул аслияб магIна бичIчIизе квалквал гьабуларел.

Шагьаралъул лъималазе хасго захIмалъула авар мацIалъе хасиятаб I3 гьаракь **(гъ, гь, гI, къ, гь, кI, лъ, хъ, хь, хI, тI, цI, чI)** битIун бахъизе ва рагIабазда гъорлъ абизе ва цIализе.

Гьеб рахъги хIисабалде босун, тIоцебеселдаса байбихьун щибаб классалда гьел гьаркьал-хIарпал битIун рахъиялде ва цIалиялде гIураб кIвар кьела. КъосинчIого, камилго гьеб 13 гьаракь-хIарп цIализеги хъвазеги лъарабго, рачIина геминатал (хIухьелалъул тIаде цуй кутаклъизабун абулел) ва лабиалиял гьаркьал (кIутби цIутIизарун абулел) битIун цIализариялде. Гьелдеги кьезе ккола кидагосеб кIвар. Гьелги дандекъан, цо графикалъул кьучIалда гIуцIарал гIезегIан хIарпал руго, абиялъулъги цо-цо мехалъ пархенцин гьечIел гьаркьал (фонемаби) рихьизарулел. Масала: цохIо к-гIаламаталъул кьучIалда гIуцIун буго 9 хIарп (кк, къ, кь, кI, кIкI, кв, къв, кьв, кIв). Гьезул щибалъ кинаб гьаракь загьир гьабулебали къосинчIого лъазе захIмалъула, шагьаралъул лъималазе гуребги, лъикIго рахьдал мацI лъалел росабазул цIалдохъабазеги, 8 класс лъугIизегIанги хъвавулъ гьезул кколел гIемерисел гъалатIалги гьел хIарпал къосиналъулъ ва хисун ккеялъулъ рукIуна. ГьединлъидаI битIун цIалиялъул иш мухIканго бачине ккола.

Авар мацIалда цIакъ гIемер руго геминатал гъорлъ ругел рагIаби. Амма, гьел рихьизаризе, 30 рагIулъги гьезул лугьарал цогидал грамматикиял формабазулъги гурони хъваларо кIирекъараб хIарп: **хх - 8, сс - 5, цц - 4, цIцI - 4, чIчI - 5, лълъ - 4 рагIулъ**. Гьезул битIунхъвай гIуцIараб буго шартIияб къагIидаялъ. Масала: **кк, кIкI, чч** хъвазе бихьизабун буго рагIулебщинаб бакIалда. Гьедин хъвазе кколаан киналго геминатал. Амма гьел хутIизегIан, цогидал рагIабазулъ кIирекъарал хIарпал хъвазе рихьизарун руго гIицIго магIна хисулел рагIабазулъ**: цIе - цIцIе, бесана - бессана, чIвад - чIчIвад, мах - махх, лъар - лълъар**. Басмаялъе гьелъул кIудияб санагIатги экономияги буго. Амма гьедигIанго захIмалъи мацI лъазабулел лъималазеги буго. Гьелъ кIудияб батIалъи ккезабула цIалиялдаги хъваялдаги гьоркьоб: хъвала – **цIар**, цIалула - **цIцIар**, хъвала - **росасе**, цIалула - **россассе**, хъвала - **росулъ**, цIалула - **росулълъ** ва гь. ц. ЛъикI авар мацI лъалездаги киналго геминатал гъорлъ ругел рагIаби ракIалда чIезаризе кIоларо. ГьединлъидаI геминатал хъвараб 30 рагIулги **кк, кIкI, чч** хIарпазул битIунхъваялъулги таблицаби кидаго лъималазда бихьулеб бакIалда рукIине ккола.

Авар мацIалъул битIун цIалиялъул (орфоэпиялъул) къагIидаби чIезабураб словарь гьечIо. Гьелъул хIасиллъун ккола цо-цо учительзабазгицин хъван батухъе цIалиялде гIей гьабулеб букIинги. Гьеб буго кIудияб гьалатI. Рехсарал гIунгутIабиги хIисабалде росун, битIун цIалиялде хасаб кIвар кьезе ккела.

**ПРОГРАММА**

**I КЛАСС**

(68 сагIат)

**КIалзул каламалъул курс - 48 сагIат.**

КIалзул каламалъул курсалъул аслияб мурад буго битIараб литературияб мацIалда кIалъазе лъимал ругьун гьари. Гьеб масъала тIубазе ккани, хIажалъула:

1. Авар мацIалъе хасиятал хасал гьаркьал битIун рахъизе, рагIабазулъ гьел абизе бажари;
2. РагIабазул батIи-батIиял грамматикиял формабаздаса пайда босизе лъай, гIадатал предложениязда жанир гьел ракъезаризе бажари;
3. БатIи-батIиял гIуцIабазул гIадатал предложениял данде гьаризе ругьунлъи;

4. ГӀадатал хабариял предложенияздалъун учителасул суалазе жавабал кьезе бажари;
5. Жидецаго суалал кьезе ва гаргаралда гӀахъаллъизе лъай;
6. Учителасул амру лъималазда бичӀчӀи ва гьеб тӀубазаби;
7. Учителасда хадуб такрар гьабун, гӀисинал кучӀдул рекӀехъе лъазари;
8. Учителас пасихӀго цӀаларал яги художествияб къагӀидаялъ рицарал маргьабазул, гӀисинал харбазул ва кучӀдузул магӀна бичӀчӀи ва хӀасилалда тӀасан лъурал суалазе жавабал кьезе бажари;
9. Хабарияб текст предложениязде, предложениял рагӀабазде, гьелги гьаркьазде риххизе лъай;
10. Калам гӀуцӀизе, гӀадатаб гара-чӀварияллъе чара гьечӀого хӀажатаб **250-350**рагӀи, гьезул грамматикиял формаби лъай, гьединго батӀи-батӀияб гӀуцӀиялъул гӀадатал суалиял, хабариял, тӀалабиял предложениязул аслиял тайпабаздаса пайда босизе бажари.

**КӀалзул каламалъул дарсазул темаби.**

1. **Ниж цӀалдохъаби. Нижер школа - 3 сагӀат.**

а) Р а г І аб и: вас, яс, васал, ясал, цӀалдохъаби, лъимал, гьав, гьай, гьаб, гьал, щив? щий? щиб? щал? мун, дун , ниж, бице, абе, такрар гьабе, гӀодор чӀа, тӀаде рахъа, расандизе, васандизе, ясандизе, расанди, салам, кив? кий? киб? кир? гьанив, гьаний, гьаниб, гьанир, цо, кӀиго, лъабго, ункъо, щуго, анлъго, анкьго, микьго, ичӀго, анцӀго..

б) П р е д л о ж е н и я л: Гьав щив? Гьай щий? Гьаб щиб? Гьал щал?

Гьав вуго вас. Гьай йиго яс. Гьаб буго стол. Гьал руго лъимал. Мун щив? Дун вуго вас. Дун цӀалдохъан вуго. Нуж щал? Ниж лъимал руго. Ниж цӀалдохъаби руго.

в) Х и т І а б в а т І а л а б бичӀчӀи ва гьеб тӀубазаби: Дуца абе. Нужеца бице. Киназго такрар гьабе. Цадахъ абе. ГӀодов чӀа. ТӀаде вахъа. Аида, гӀодой чӀа. Муса, тӀаде вахъа. Салам, лъимал! Салам, учитель! ГӀенекке. ГӀинтӀаме.

2. **Нижер класс - 3 сагӀат.**

а) Р а г І а б и: класс, нуцӀа, гордо, къед- кулъун, мел, жаниве, жание, жанибе, жанире, къватӀиве, къватӀие, къватӀибе, къватӀире, рагье, къай, бакӀ, парта, стол.

б) П р е д л о ж е н и я л: Муса къватӀиве ана. Асма жание ячӀана. Лъимал къватӀире ана. Жанире рачӀана. Яс (вас) къватӀие ана. ГӀали, нуцӀа къай. НуцӀа рагье. Учитель, къватӀиве ине бегьилищ? Гьабищ гордо? У, гьеб буго гордо. Гьабищ стол? Гуро, гьеб буго доска. Парта киб бугеб? Гьале парта. Парта гьаниб буго. Доска киб бугеб? Доска къеда бан буго.

3. **ЦӀалул къайи - 3 сагӀат.**

а) РагӀаби: дир, дур, нижер, нилъер, тӀехь, къалам. къалмал, къалантӀар, баркала, бацӀцӀадаб, цӀияб, кинаб? лъикӀаб, кӀудияб, гьитӀинаб, босана, гӀодоб лъуна, киб? ине, вачӀине, тӀад, цебе, аскӀоб, нахъа, жаниб, босе, гӀодоб лъе, нахъе лъе.

б) Пр ед л о ж е н и я л: Гьаб къалам дурищ? Лъил ручка гьаб? ТӀехь кинаб бугеб? ТӀехь киб бугеб? ТӀехь цӀияб буго. Гьале тӀехь. Гьаб къалам дир буго. Тетрадь киб бугеб? Тетрадь буго сталалда тӀад. Гьаб класс лъил? Гьаб класс буго нижер. Гьаб буго нижер школа. ТӀехь кинаб бугеб? ТӀехь, буго цӀияб. ТӀехь буго берцинаб, бацӀцӀадаб.

4. **Мина-рукъ ва азбар – 2 сагӀат.**

а) Р а г І а б и: мина, азбар, гъветӀ, чали, каву, рукъ, рукъзал, борхатаб, керчаб, кровать, бусен, юргъан, къандалъо, сагӀат, сурат, чирахъ, хьонбакӀ.

б) П р е д л о ж е н и я л: Гьалда цIар щиб? ГъветI кинаб буге6? Азбар кинаб бугеб? Мина кинаб бугеб? Рукъ (рукъзал) кинаб бугеб? Гьалда цIар Ася буго. Гьасда цIар Муса буго. Дида цIар ГIали буго. ГъветI кIудияб буго. Мина бархатаб буго. Бусен бацIцIадаб буго. Азбар кIудияб буго. Азбар бацIцIадаб буго. Азбаралда щиб бугеб? Нужер азбар кинаб бугеб? Чали сундул бугеб? Рокъоб щиб-щиб бугеб? Каву маххул буго. Чали цIулал буго.

5. **Хъизан - 3 сагIат.**

а) Р а г I а б и:. кIудада, кIодо (кIодоэбел) дахIадада, дахIабаба, эбел, эмен, баба, дада, вас, яс, вац, яц, вацал, яцал, улбул, умумул, маргьа, кепаб, бицине, цIализе, хабар, васасул вас, ясалъул вас, васасул яс, ясалъул яс, рокьула, вокьула, йокьула, гIенеккун вуго (йиго).

б) П р е д л о ж е н и я л: Лъил йигей кIодоэбел? Лъил вугев кIудада? ЦIар щиб кIудадада? ЦIар щиб кIодоэбелалда? ДахIададаца щиб гьабулеб бугеб? ДахIабабаца щиб гьабулеб бугеб? ДахIададаца маргьа (хабар) бицунеб буго. Маргьа кепаб буго. Эмен газета цIалулев вуго. Эбел юкъарулей йига. Дуе кIудада вокьулищ? Дуе дахIабаба йокьулищ? ХIалтIулев вуго. ХIалтIулей йиго. ХIалтIулел руго. Дир эмен хIалтIулев вуго. Дир эбел хIалтIулей йиго. Эбелги эменги хIалтIулел руго.

в) К а л а м г I у ц I и: (Сюжеталъул суратаздасан). Гьай йиго яс. Гьалда цIар Аида буго. Гьей цIалулей йиго тIоцебесеб классалда. Аида школалде ячIана. Жакъа гьей дежурнияй йиго. Ясалъ доска бацIцIана. Цинги тIугьдузде лъим тIуна.

6. **РасанкIаби - 2 сагIат.**

а) Р а г I а б и: къали, ясикIо, расанкIаби, цилтIинчI, зенеро, раса, чу, гама, бел, торгIо, байрахъ, гIанкI, машина, самолет.

б) П р е д л о ж е н и я л: Гьаб буго къали. Къали берцинаб буго. Къали кIудияб (гьитIинаб) буго. ГIали къолохъан вуго. Гьале ясалъул ясикIо. ЯсикIо берцинай йиго. Ясалъе ясикIо йокьула. Муса торгIогун вуго. Дун торгIогун васандула. ТоргIо киб бугеб? ТоргIо кинаб бугеб? Гьеб лъил торгIо?

в) К а л а м г I у ц I и: (Сюжеталъулал суратазда тIасан суалал ва жавабал). ГьитIинаб хабар данде гьаби: «Гьав вас вуго Муса. Мусал гIемерал расанкIаби руго. Гьесул буго чуги, машинаги, торгIоги, зенероги, самолетги, роялги, жирафги. Гьес машинаялда рекIинаруна цилтIинчIги гIанкIги. Цинги, гьелги рачун, свердезе ана.

«Гьале яс. Гьалда цIар буго Асият. Гьелъул руго гIемерал расанкIаби. Ясалъе бокьула ясикIабигун ясандизе. Гьезие дарс кьола, тIехь цIалула. Къаси ясикIо жиндирго бусада егизаюла. РасанкIабиги жидерго бакIалда лъола.

7. **Пихъал ва овощал – 3 сагIат.**

а) Р а г I а б и: ГъветI (гъутIби), микьир, кокон, курак, ахбазан, жага, гIеч, гени, цIибил, гъацIи, чIеп, бижизе, барщизе, бакIаризе; хъабахъ, хъарпуз, ражи, пер, охцер, картошка, талган, ламадур, капуста, помидор, редиска, пастIан, щитил.

б) Пр е д л о ж е н и я л: ГъветI киб бижулеб? Пихъ сунда бижулеб? Помидор киб бекьулеб (бижулеб)? ГIеч кинаб бугеб? Жага кинаб бугеб? Гени бижула

гъотIода. ГъветI бижула ахикь. Гени букIуна чIахIияб, гьуинаб.

в) К а л а м г I у ц I и (Сюжеталъул суратаздасан хабар данде гьаби).

1. Гьав вуго вас. Васасул цӀар буго Муса. Гьесул кодоб буго чӀеп. Гьебги босун, Муса унев вуго ахикье. Ахикь гъотӀода гӀеч барщун буго. Мусаца гӀеч бетӀана (бакӀарана). ЧӀеп гӀечул цӀуна. Гьебги босун, вас рокъове ана.
2. Гьай йиго Аида. ЧӀепги босун, гьей бахчаялде ана. Гьениб букӀана гӀурччинаб пер, барщараб капуста, помидор. Ясалъ барщараб помидор бакӀарана. ЧӀеп цӀуна. Гьебги босун, Аида рокъое ана.
3. **Квен ва кванил цӀарагӀ - 3 сагӀат.**

а) Р а г І а б и: чед, ччугӀа, хоно (ханал), цӀурабакь, рахь (мачӀгояб, бетараб), булка, печенаби, конфетал, чайник, ведро, стакан, крушка, гъадаро, самовар, хьаг, чакар, балухъ, тӀарс, нус, къоно, гӀучӀ, ханжу, ххараб, кор, печь, вуссине, вачӀине, чурпа, гьекъезе.

б) П р е д л о ж е н и я л: Гьаб щиб? Гьаб буго чед. Чед сундул гьабулеб? Чед гьабула ханждал (ххаралъул). Киб бежулеб чед? Чед бежула корониб. Гьаб чед бугищ? ГьечӀо, гьеб буго ччугӀа. Ролъ киб бекьулеб? Кида гьеб барщулеб? Гьабищ конфета? Гуро, гьеб буго булка. ЧчугӀа киб букӀунеб? ЧчугӀа букӀуна ралъдалъ. ЧчугӀа ккола ччугӀихъабаз.

в) К а л а м г І у ц І и: (Сюжеталъулал суратазда тӀасан 3-5 предложениялдасан хабар данде гьаби).

1. Муса школалдаса вуссана. Гьес кверал чурана. Кваназе гӀодов чӀана. Васас гъудалъ (балухъалъ) чурпа ххуна. Гьес данде чед кванана. Хадуб гьес носоца котлетал къотӀана. Цинги гӀочӀоца росун, гьел кванана. Хадуб чай гьекъана. Данде печенаби кванана.
2. Вацги яцги кванан рахъана. Гьез стол бакӀарана. Яцалъ цӀарагӀ чурана. Вацас гьеб полотенцаялъ бацӀцӀана ва шкафалъуб лъуна. Гьезие рацӀцӀалъи бокьула.
3. **Араб материал такрар гьаби - 3 сагӀат.**
4. **Инсан ва гьесул лугби. Лъималазул сахлъи цӀуни – 3 сагӀат.**

а) Р а г І а б и: бетӀер, рас, тӀоноцӀ, нодо, гъванща, кьенсер, кьунсрул, къванща, къунщби, гӀин, гӀундул, бер, берал, мегӀер, кӀаркьен, кӀаркьаби, гӀоно, гӀанаби, кӀал, кӀветӀ, кӀутӀби, ца, цаби, мацӀ, чанагъ, нилъу, габур, щекъер, мукъулукъ, черх, керен, мугъ, хьибил, гъеж, рукь, гӀункӀрукь, рукьаби, квер, кверал, килищ, килщал, малъ, малъал, чехь, гьод, черх, лага, рохулкъотӀи, бох, бохдул, махӀу, махӀаби, хӀетӀе, хӀатӀал, эгъе, угъдул.

б) Пр е д ло ж е н и я л: Гьаб буго бетӀер. Гьаб щиб кколеб? Щай берал къваригӀарал? Берал къваригӀуна канлъи бихьизе. ГӀундул сундуе къваригӀунел? ГӀундул къваригӀуна калам рагӀизе. ГӀундул (берал) кин цӀунизе кколел? Гьабищ хӀетӀе? Гуро, гьеб буго гъеж. Берал щай цӀунизе кколел? БотӀрол рас кин букӀине кколеб? БатӀрол рас букӀине ккола бацӀцӀад. Дуца кверал щай чурулел?

в) К а л а м г Іу ц І и: (Сюжеталъулал суратазда тӀасансуалал ва жавабал). Хадуб, суалал гьечӀого, хабар херхине малъи.

11. **ЦӀалдохъанасул къо - 3 сагӀат.**

а) Р а г І а б и: радал, зарядка гьаби, бусен (кровать) бакӀари, сапун бахи, порошок, щётка, биччараб, черхалъе тимар гьаби, черх лъадари, чвердезе, ралъад, хӀор, лъар, рацӀцӀад хьвадизе, бацӀцӀад цӀунизе, таращ, нух, гьудуллъи, хъвадарулев вуго (йиго), цӀалдолев вуго, хӀисаб гьаби.

б) Пр е д л о ж е н и я л: Вас (яс) макьидаса ворчӀана (йорчӀана). Гьев (гьей) ворчӀизавуна (йорчӀизаюна) сагӀтица. Васас (ясалъ) черхалъе тимар (зарядка) гьабуна. Хадуб бусен бакӀарана. Гьес (гьелъ) гьумер-кӀал чурана, цаби рацӀцӀана. Васас (ясалъ) щиб гьабулеб бугеб?

в) К а л а м г I у ц I и: (Сюжеталъулал суратазда тIасан учителас лъурал суалазе тIубарал предложенияздалъун жавабал кьезе ругьун гьари). 3-5 къокъабго предложениялдасан хабар херхине малъи.

12. **РетIел-хьитал - 3 сагIат.**

а) Ра г I а б и: щвата, щватаби, гурде, гурдал, хъабарча, хъубчул, тIагъур, тIаргъал, тIажу, тIажал, квелъел, квелъелал, кIаз, кIазал, майка, пальто, къокъаб, бихьиназул, руччабазул, васазул, ясазул, ретIине, бахъизе.

б) П р е д л о ж е н и я л: Васас (ясалъ) щиб гьабулеб бугеб? Васас щватаби ретIунел (рахъулел) руго. Пальто (хъабарча) кида ретIунеб? Хъабарча щай ретIунеб? Хъабарча ретIуна черх хинлъизе. Щватаби щай ретIунел? Щватаби ретIуна хIатIал хинлъизе.

в) А м р у б и чI чI и в а гь е б тI у б а з а б и: Пальто ретIе (бахъе). Хъабарча (пальто) магIида бай. РетIел ретIе (бахъе). РетIел хисе.

г) К а л а м г I у ц I и: (Сюжеталъулал суратаздасан хабар гIуцIизе ругьун гьари).

13. **ХIалтIул на спорталъул тIагIалаби – 3 сагIат.**

а) Р а г I а б и: гIащтIи, къотIизе, бичIизе, баччизе, сокIкIине, мачIу къазе, хъвалхьине, хъухъадиро, хъухъазе, квартIа, кIутIизе, кьабизе, бекизе, чанагъ, хъещтIезе, цIазе, бачине, рекIине, кIвекьмахх, къотIизе, лъутIизе, иту, кьабизе, бахъизе, конькаби, лыжаби, клюшка, шайба, ракета, хIазе.

б) П р е д л о ж е н и я л: Гьаб щиб тIагIел? Гьаб буго гIащтIи. ГIощтIоца щи6 гьабулеб? ГIощтIоца цIул бичIула, къотIула, хъвалхьуна. Гьаб щиб кколеб? Гьеб буго хъухъадиро. Хъухъадиро сундуе къваригIунеб? Хъухъадиро къваригIуна цIул хъухъазе, хъарщи бахъизе. Инсуцаги васасги щиб гьабулеб бугеб? Инсуцаги васасги цIул хъухъалеб буго.

в) К а л а м г I у ц I и: 1. ЦIул хъухъалеб, бичIулеб ва мачIу къалеб сураталда тIасан суалазе жавабал кьезе ва гьитIинаб хабар гIуцIизе ругьун гьари.

14. **Рукъалъул хIайванал ва хIанчIи - 3 сагIат.**

а) Р а г I а б и: куй, чахъу, кьегIер, гIи, цIцIе, дегIен, бурутI, чу, гIала, тайи, барти, хIама, кIерт, гIорцIен, варани, бугъа, оц, гIака, бече, баси, гIачIар, гьой, гважи, таращ, кету, катитIинчI, хъаз, хъазил тIинчI, ордек, ордекалъул тIинчI, хIелеко, гIанкIу, гIанкIудал тIинчI, гургуралъул тIинчI, микки, маккал

б) Пр е д л о ж е н и я л: Щиб кин ахIдолеб? Бугъа бубудула. Чахъу гъадула. ЦIцIе э-эула. ГIака гIергIедула. ХIелеко гIегIедула. Кету мимидула. Хъаз гагадула. Ордек къвагъдола. ТIанчIи чIикIдула. ГIакдаца щиб кьолеб? ГIакдаца рахь кьола.

в) К а л а м г I у ц I и: Сюжеталъулал суратазда тIасан лъурал суалазе битIарал тIубарал жавабал кьезе ругьун гьари. Гьезда тIасан къокъаб хабар херхине ва бицине малъи.

15. **ГIалхул хIайванал ва хIанчIи – 2 сагIат.**

а) Р а г I а б и: ритIучI, ци, цер, бацI, гвангва, гIужрукъ, хъабан, багIнас, бакьуч, цIиркъ, гъаплан, гъалбацI, сайгак.

б) Пр е д л о ж е н и я л: РитIучIалъ щиб кваналеб? РитIучIалъ кванала хер, тIамах, михIи. БацIица щиб кваналеб? Гвангваялъ щиб кваналеб? Сунца ритIучI тушманалдаса цIунулеб? ГIужрукъил тIом зазихараб щай бугеб? Гвангаялъе керчаб кIудияб рачI щай къваригIараб?

в) К а л а м г I у ц I и: бацIил, ритIучIил, царал, цидул хIакъалъулъ 3-5 предложениялдасан гIуцIарал харбал херхине малъи (бицун). Масала: «Гьаб буго цер. Гьелъул буго ункъо бох, керчаб рачI, гъуцIарал гIундул. Цер букIуна гIалхуда. Гьелъ чан гьабула гIисинал рухIчIаголъабазде ва хIанчIазде. Щвани гIанкIуги хъамула. Цер буго берцинаб, сихIираб жанавар».

16. **Нилъер шагьар - 3 сагIат.**

а) Р а г I а б и: къватI, авал, майдан, парк, бульвар, кIитIалаял, щутIалаял, ичIтIалаял, анцIила кIитIалаял, минаби, вокзал, автобус, троллейбус, тукен, базар, бичизе, басизе, рекIине, рещтIине, лъалхъизе, ине, багIараб, тIогьилаб, гIурччинаб, канлъи (чирахъ), шагьар, къватIжубай, къватIбахин.

б) Пр е д л о ж е н и я л: Гьаб буго шагьар. Гьаб буго щагьаралъул къватI. Нилъ руго шагьаралъул къватIахъ. Киб бугеб щутIалаяб мина? Кинаб канлъи (чирахъ) бакараб? Бакана багIараб канлъи. КъватI бахине бегьулищ? Бакана гIурччинаб канлъи. Нилъеца къватI бахине бегьулищ? Нилъер шагьаралда цIар щиб? Нилъер школа кинаб къотIноб бугеб?

в) К а л а м г I у цI и: Шагьаралъул къотIноб гара-чIвари гьабила къватI бахине кколеб куцалъул, къотIносан хьвадизе кколеб куцалъул хIакъалъулъ.

17. **Хасел ва хасалил рекIелгъеял- 3 сагIат.**

а) Р а г I а б и: хасел, хасало, гIазу, балеб буго, гIазул хIулаби, гIемераб, хъещтIеро, квач, цIорой, хъещтIизе, цIер, гIазуречIчIи, гIазул ясикIо, гохI, гохIдоса гъоркье, конькаби, лыжаби.

б) П р е д л о ж е н и я л: Хинаб ретIел кида ретIунеб? Хасел бачIана. Лъеда цIер чIвана. Лъималаз хъещтIеро гьабуна. Васалги ясалги конькабазда (чанагъазда, лыжабазда) хъещтIолел руго. ХъещтIеро сундул бугеб? ХъещтIеро буго гIазул (цIорол).

в) К а л а м г I у ц I и: сюжеталъулал суратазда тIасан гIисинал харбал херхине малъи.

**ЦIализе ва хъвазе ругьун гьари - 20 сагIат.**

ГIурус букварь (азбука) лъугIизегIан, цIалиялъул рахъалъ лъималазул лъугьараб бажариялде мугъчIвайги гьабун, циндаго байбихьула слогал, рагIаби ва предложениял цIалиялде. Гьелъие гьабила гьадинаб хIадурлъи:

1. ГIурус букварь лъугIизе жеги лъабго-ункъо анкь букIаго, байбихьула гIурус мацIалда гьечIел, авар мацIалъе хасал гьаркьал-хIарпал малъизе. КIалзул каламалъул курсалда лъимал ругьун гьарула гьел гьаркьал гъорлъ ругел рагIаби битIун абизе. Гьанже гьел гьаркьал рихьизарулел хIарпал лъазари ва ритIун цIализе малъи буго аслияб масъала.

Цебеккунго хIадурула 13 хасаб гьаракь-хIарпги щибаб гьеб гьаракь-хIарпалдаса цIар байбихьулеб предметалъул суратги бахъараб гьадинаб таблица:

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Гъеду | ГЪ | Гьобо | ГЬ | ГIанкI | ГI | Лъен | ЛЪ |
| Къали | КЪ | КьегIер | КЬ | КIвекьмахх | КI | ТIехь | ТI |
| Хъаз | Хъ | Хьаг | ХЬ | ХIелеко | ХI | ЧIалкIутIан | ЧI |
| | | ЦIибил | ЦI | | | | |

ХӀадурлъиялъул заманаялъ щибаб дарс байбихьула цадахъгоги, кьералкkунги, цо-цоккунги таблицаялда ругел гьаркьал-хӀарпал такрар гьариялдаса, цӀакъго кӀвар кьола графикаялъул рахъалъ релълъенлъи бугел гьаркьал-хӀарпал мухӀканго абиялде (5-7 минут). КъосинчӀого киназдаго 13 гьаракь-хӀарп лъарабго, байбихьула слогал, рагӀаби ва предложениял, хадуб текстал цӀализе. Байбихьула азбукаялдаса яги учителас кьурал хасал карточкабаздаса текстал цӀализе.

ЦӀалараб текст предложениязде биххизе малъула. Гьеб бажарараб мехалъ, предложениял рагӀабазде, рагӀаби слогазде ва гьаркьазде риххизе ругьун гьарула. Гьеб хӀалтӀи бачуна цӀалул сон лъугӀизегӀан, санагӀатаб текст, предложение, рагӀи дандчӀварабго, дарсил дагьа-дагьаб заманги кьун.

Таблица хӀалтӀизабизе ккола, къосинчӀого тӀубанго авар алфавит лъазегӀан. Гьелдаса пайда босула гӀинзул диктант тӀобитӀулелъулги суалазе жавабал хъвалелъулги. Графикалъул рахъалъан авар алфавит захӀматаб букӀиналда бан, таблицаялдаса пайда босула 2-4 классаздаги. 13 гьаракь-хасаб хӀарп къосинчӀого цӀализе бажаризегӀан, слогазул таблицаги хӀалтӀизабизе мустахӀикъаб буго:

Иргадал 13 гьаракь-хӀарпалъул карточкаби лъола бухчиниб, ва цӀалдохъабаз гьеб гьаракь-хӀарпалъул лъугьунелщинал слогал цӀалула. Гьелдаса рачӀуна рагӀаби ва предложениял цӀалиялде.

ЦӀалул дарсида заман батула фонетикияб, грамматикияб анализ гьабизе, каламалъул щибаб гьаракь битӀун абиялде, щибаб хӀарп битӀун хъваялде, рагӀабазул тӀабигӀат баян гьабиялде, гьезие суалал лъеялде. Щибаб дарсида 5-6 минут, санагӀат ва бакӀ бихьун, гьединаб хӀалтӀиялъе кьола.

Грамматикаялъул дарсида битӀун ва пасихӀго цӀалиялде ва хъваялде, предложениязул магӀна бичӀчӀизабиялде, цӀалдохъаби гаргадизе ва хабар гӀуцӀизе ругьун гьариялде кидагосеб кӀвар кьола.

**Калам цебетӀезаби.**

КӀалъазе малъулел дарсаздаго гӀадин, гӀатӀидго калам цебетӀезабизе рес букӀинчӀониги, гьеб хӀалтӀи гьоркьоб къотӀизе теларо. Цо ккураб тартибалда, тӀадруссун такрар гьарула малъарал темаби. Босизин **«ГӀалхул хӀайванал»** абураб тема. Гьанжесала кӀвар кьела щибаб сураталда тӀасан гара-чӀвари гьабиялде, хадубго гьитӀинаб хабар херхиналде. Масала:

| Учитель | ЦӀалдохъаби |
|---|---|
| - Гьаб щиб кколеб? | - Гьаб буго ритӀучӀ. |
| - Кинаб ритӀучӀ гьаб бугеб? | - Гьеб буго чараб ритӀучӀ. |
| - РитӀучӀалъул щиб-щиб бугеб? | - РитӀучӀалъул руго гӀаркьахарал, берцинал лълъурдул, гучал бохдул, кӀудияб черх. |
| - РитӀучӀ киб букӀунеб? | - РитӀучӀ букӀуна гӀалхуда, рохьазда. |
| - Щиб гьелъ кваналеб? | - Гьелъ кванала хер, гьотӀол тӀамах. |

Цинги, суалалги гьечӀого, ритӀучӀил хӀакъалъулъ къокъаб хабар гӀуцӀизе тӀамила.

«Гьале чараб ритӀучӀ. Гьелъул руго берцинал лълъурдул, гучал бохдул, кӀудияб черх, чараб тӀом. РитӀучӀ букӀуна гӀалхуда, рохьазда. Гьелъ кванала хер, гъотӀол тӀамах. РитӀучӀ буго берцинаб гӀалхул хӀайван».

Гьеблъиялда калам гӀуцӀиялъул хӀалтӀи гьабула сюжеталъулал суратазда тӀасанги. Щибаб дарсида калам цебетӀезабиялъул хӀалтӀуе 10-15 минут кьезе мустахӀикъаб буго. Калам гӀуцӀиялъул ва цебетӀезабиялъул хӀалтӀи гьоркьоб къотӀичӀого бачине ккола киналго байбихьул классазда.

**ТӀоцебесеб классалъул цӀалдохъабазе щвезе кколеб**

**лъай на гьезул лъугьине кколеб бажари.**

**а) Гаргазе ругьун гьариялъул рахъалъ:**

1. Учителас рицарал ва цӀаларал гӀисинал, бигьаял харбазул аслияб магӀна босизе. Учителасда хадуб такрар гьарун, кучӀдул рекӀехъе лъазаризе.

Бицараб маргьаялъул ва хабаралъул хӀасилалда тӀасан кьураб 1-2 суалалъе жаваб гьабизе (бичӀчӀун букӀин лъазе, гӀурусалъ бицинеги изну кьезе бегьула).

2. Малъарал тайпабазул предложенияздалъун авар мацӀалъ кӀалъазе, суал лъезе, суалазе жавабал кьезе.
3. Учителасда ва цоцазда хӀажатаб жо гьикъизе ва цӀехезе.
4. Предложениял цоцалъ херхун, хабар гӀуцӀизе. Масала: «Гьале Асият. Гьей уней йиго школалде. Гьениб яс цӀалдана, хъвадарана, гьелъ хӀисаб гьабуна».

РагӀабазул грамматикияб форма хисизабун, предложениял абизе (Яс кьурдулей йиго. Вас кьурдулев вуго. Васалги ясалги кьурдулел руго). **Кин? киб? Кинаб?** абурал суалазе жаваблъун рачӀунел рагӀаби тӀаде журан, кьурал предложениял тӀиритӀизаризе.

5. 3-6 къокъаб предложениялдасан данде гьабураб хабар бицине.
6. Учителас гӀуцӀараб гӀадатаб гара-чӀвариялда гӀахьаллъизе. Сюжеталъулал суратазда тӀасан гьитӀинабго хабар херхине.
7. БитӀун, чвахун, тӀубарал рагӀабиккун, предложениязда гьоркьоб лъалхъиги гьабун, букваралдаса текстал цӀализе.
8. ГьитӀинабго хабарияб текст предложениязде, предложениял рагӀабазде риххизе.
9. Бицунлъиялде гӀураб хӀадурлъи гьабун хадуб, кӀиго-лъабго суалалъе жавабал хъвазе.
10. Доскаялдаса ва тӀехьалдаса, тӀаде балагьун, хъвазе ва хъвараб жо битӀун цӀализе.
11. Минуталда жаниб I20 хӀарпалдасан гӀуцӀараб, гӀага-шагарго 20-26 рагӀи бугеб бигьаяб текст цӀализе.

РекӀехъе лъазарулел кучӀдул рукӀине ккола лъималазул гӀумруялда хурхарал, пасихӀал, бигьаго ракӀалда чӀолел. МоцӀида жаниб цо-цо, кӀи-кӀи кечӀ лъазабула лъималаз. Гьезул кӀодолъи 68 мухъалдаса кӀудияб букӀине лъикӀаб гьечӀо. РукӀине ккола бигьаяб роцада (7 ва 8 слогазул) хъварал.

**б) ЦӀализе ва хъвазе ругьун гьариялъул рахъалъ:**

1. Авар мацӀалъул гьаркьазулги гьезда данде кколел алфавиталъул хӀарпазулги цоцаздехун бугеб хурхен. Цо графикалъул кьучӀалда гӀуцӀарал **(х-х, хъ, хь, хӀ, хв, хъв, хьв, ххв)**хӀарпаздаги гьез кьолел гьаркьаздаги гьоркьоб батӀалъи;
2. ГӀурус мацӀалъул дарсазда щвараб лъаялде ва бажариялде мугъчӀвайги гьабун, **гъ, гь, гӀ, къ, кь, кӀ, хъ, хь, хӀ, лъ, тӀ, цӀ, чӀ** гьаркьал-хӀарпал ва гьездасан лъугьарал слогал ва рагӀаби битӀун цӀализе ва хъвазе;
3. Лабиалиял гьаркьал гъорлъ ругел рагӀаби битӀун цӀализе ва хъвазе;
4. Практикияб къагӀидаялъ предложениялда жанир ругел рагӀабазе суалал лъезе (щиб? щив? щий? щал? кинав? кинай? кинал? лъица? сунца? лъие? сундуе? лъида? сунда? щиб гьабураб? щиб гьабулеб бугеб? щиб гьабизе бугеб?);
5. Предложениялда хадуб тӀанкӀ яги суалияб ишара лъезе. Предложение кӀудияб хӀарпалдалъун байбихьизе;
6. Сураталда тӀасан лъурал суалазе жавабал кьезе (бицун).

**ФОНЕТИКА, ГРАММАТИКА, БИТІУНХЪВАЙ**

**ВА КАЛАМ ЦЕБЕТІЕЗАБИ.**

КӀиабилеб –ункъабилеб классазда авар мацӀ малъизе рихьизарурал сагӀтал цӀалиялъеги грамматикаялъеги бащад гьарун рикьизе мустахӀикъаб буго, щибалъе 51 дарс кколеб хӀисабалъ.

Грамматикияб курс гӀуцӀун бугоункъо бутӀаялдасан: **«Фонетика (Гьаркьал ва хӀарпал)», «РагӀи (Каламалъул бутӀаби)», «Предложение» ва «Калам гӀуцӀи».** Гьеб ункъабго рахъ рекъон цадахъ бачине тӀадаб буго учителасда. Щибаб дарсида тӀобитӀизе ккола гьеб ункъабго рахъ жанибе бачараб практикияб хӀалтӀи: лъимал ругьун гьарула гьаркьаздасан рагӀабиги, рагӀабаздасан предложениялги, гьездасан хабарги гӀуцӀизе. Гьединго малъизе ккола текст предложениязде, гьелги рагӀабазде, рагӀабиги магӀнаял бутӀабазде ва гьаркьазде риххизе.

ТӀоцебесеб ва кӀиабилеб классалда, терминалги абичӀого, определение кьечӀого, суалазул кумекалдалъун, лъимал ругьун гьарула предметияб цӀар, цӀарубакӀ, прилагательное, глагол каламалъулъ хӀалтӀизаризе. Лъабабилеб ва ункъабилеб классалда, терминалги кьун, гьелго каламалъул бутӀаби дагьалги гъваридго малъула. Глагол заманазде хисизабизе, предметияб цӀар ва цӀарубакӀал пажазде сверизаризе, гьединго прилагательноял жинсалде ва гӀемерлъул формаялде хисизаризе жеги гӀатӀидго ругьунлъула.

Берцинго хъваялъе программаялда кьураб хасаб заман гьечӀо.

ГӀурус мацӀалъул дарсазда бацӀцӀадго хъваялде гӀураб кӀвар кьолелъул, учителас тӀадчӀей гьабула цӀалдохъабаз хъвалебщинаб жо берцингоги бацӀцӀадгоги букӀинабиялде. ХӀажатазе тетрадазда мисалияб хъвай-хъвагӀайги гьабун, лъималазул хатӀ куцай берзукьа биччаларо.

**БитӀун хъвазе ругьун гьари.**

КӀалъазе, гаргадизе, цӀализе ва бицине ругьун гьариялда цадахъ лъималазда малъула баянго жидерго пикру кагътиде босизе. Авар мацӀалъул грамматикаялдаса чара гьечӀого хӀажатал баянал практикияб къагӀидаялъ малъиялда цадахъ лъималазда лъазе ккола битӀунхъваялъул къагӀидабиги цо-цо лъалхъул ишараби лъезеги. Масала, глагол ункъабго заманалъул формаялда ва предметияб цӀар гӀададатал падежазда хӀалтӀизабизе ругьун гьарулаго, глаголазул ва падежазул ахиразул битӀунхъвайги малъила гьебго практикияб къагӀидаялъ. Абизин, геминатал рагӀулел рукӀаниги, падежазул ахиразулъ гьел рихьизаризе кӀирекъарал хӀарпал хъваларо. Гьел хъвалел рагӀабазул таблицаги кидаго цӀалдохъабазда (2 классалда ва хадубги) цебе бан букӀина. Гьединго рикӀкӀеназул ахиралда **ГО** хъвазе ругьун гьарула. ЗахӀматал рагӀабазул сияхӀги букӀуна къеда бан яги гьезул тетрадазда

хъвазабун. Киналго захӀматал рагӀабазул список кьезе рес букӀунарелъул, учителас лъималазе кидаго хӀажатаб кумек гьабула. Бер цӀодорлъиялъе тӀаде балагьун хъвазабун, гӀин цӀодорлъиялъе диктантал тӀоритӀун, битӀунхъваялъул рахъалъ бажари борхизабула. Гьелдаго цадахъ тӀадчӀун ругьун гьаризе ккола изложениял ва сочинениял хъвазеги. Аслияб къатӀидаялъ гьел рукӀуна ругьунлъиялъул  хӀалтӀаби. Цин цебе киналго лъималазда лъазе ккола цӀалараб тексталъул хӀасил бицине, кьураб темаялда (суратaлда) тӀасан хабар херхине. Бицунлъиялда киназухъанго бажарулеб бихьараб мехалда, тӀадкъала хъвазеги. Ункъо-щуго кӀалзул изложение (сочинение) гьабун хадуб, цо-цо хъвавулги тӀобитӀула. Гьединаб мухӀканаб хӀадурлъи гьечӀого, изложение яги сочинение (хабар) хъвазе шагьаралъул лъимал тӀамизе бегьуларо. Хъвалеб мехалъги, учителас хӀажатазе кумек гьабула рагӀи тӀасабищизе, предложениял магӀнаялда гӀуцӀизе, ракӀалда чӀолареб хӀарп хъвалеб куц бихьизабизе.

Грамматикаялъул дарсазда тӀоритӀулел киналго хӀалтӀабазул аслияб мурад буго кӀалзулабгин хъвавулаб калам цебетӀезаби.

**Берцинго хъвай.**

Берцинго хъваялъе, хатӀ куцаялъе хасаб заман бихьизабун гьечӀо. Гьединлъидал, учителас щибаб дарсида берцинго ва бацӀцӀадго хъваялде кидагосеб кӀвар кьола. Тетрадазул хал гьабулаго, хатӀалъул хашлъи тӀагӀинабиялде руссарал ругьунлъиялъул  тӀадкъаял кьола, мисалиял хӀарпал ва рагӀаби рихьизарула. Щибаб хӀалтӀи берцинго ва бацӀцӀадго хъвазе кколеблъи бичӀчӀизабула лъималазда хъвадаризе тӀамулелщинахъе.

**ПРОГРАММА**

**II  КЛАСС**

**ФОНЕТИКА, ГРАММАТИКА, БИТІУНХЪВАЙ**

**ВА КАЛАМ ЦЕБЕТІЕЗАБИ.**

(51 сагӀат)

**Гьаркьал ва хӀарпал - 26 сагӀат.**

**Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал**. РагӀабазулъ гьел ратӀарахъизе лъай. ТӀоцебесеб классалда малъараб материал такрар гьаби.

Графикалъул рахъалъ релълъенлъи бугел, цо халипаялъул кьучӀалда гӀуцӀарал батӀи-батӀиял гьаркьал рихьизарулел хӀарпал. КъосинчӀого рагӀабазулъ гьел битӀун абизе, цӀализе ва ратӀа гьаризе лъай:

1) г, гъ, гь, гӀ;

2) х, хх, хъ, хь, хI;

3) к, кк, къ, кь, кI, кIкI;

4) л, лъ, лълъ;

5) ц, цц, цI, цIцI;

Геминатал (хIухьелалъул тIадецуй кутаклъизабун абулел) ва гьел рихьизарулел хIарпал.

Лабиалиял (кIутIби цере цIутIизарун рахъулел) гьаркьал ва гьел рихьизарулел хIарпал:

1) кв, ккв, кIкIв, кьв, къв;

2) хв, хьв, хъв;

3) гв, гьв, гъв;

4) св, щв, чв, чIв, кв, цIв.

Лабиалиял гьаркьал гъорлъ ругел рагIаби битIун цIализе ва хъвазе бажари.

Слог. Ударение. РагIи слогазде бикьизе ва слогалккун рагIул бутIаби цIияб мухъиде росизе ругьун гьари. Ударениялъул кIвар ва гьеб лъезе бажари. Гьамза **(ъ)** гьаракь. Гьелъул хаслъи.

**РагIи - 11 сагIат.**

Каламалъул бутIабазул цIарал абичIого, практикияб къагIидаялъ гьезул грамматикиял гIаламатал лъазари.

**Предметияб цIар**. (Щиб? щив? щий? щал? абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIаби).

**Прилагательноял**. (Кинаб? кинав? кинай? кинал? абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIаби).

**Глагол.** (Щиб гьабураб? щиб лъугьараб? щиб гьабулеб бугеб? щиб лъугьунеб бугеб? щиб гьабизе бугеб? щиб гьабилеб? абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIаби).

Суалазул кумекалдалъун предложениялда жанир предметиял цIарал, прилагательноял, глаголал ратIарахъизе ругьун гьари. Практикияб къагIидаялъ киб? кибе? кида? абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIаби жидерго каламалъулъ хIалтIизаризе бажари.

**Предложение -  6 сагIат.**

Практикияб къагIидаялъ хабариялги, суалиялги, тIалабиялги предложениял, магIнаялде балагьун, ратIарахъизе, жидецаго гIуцIизе ва каламалъулъ хIалтIизаризе лъай.

Предложениялъул авалалда кIудияб хIарп хъвазе, ахиралда лъалхъул (тIанкI, суалияб, ахIул) ишараби лъезе ругьун гьари. Логикияб суал лъезе малъи, ай магIнаялъул, бакIлъи тIаде кколеб рагIи гьаркьил тIадецуялдалъун батIабахъизе ругьун гьари. **Мунищ** рокъов вукIарав? **Рокъовищ** мун вукIарав? Мун рокъов **вукIаравищ**? Яги: **Дун** ана Москваялде. **Москваялде** ана дун. **Ана** дун Москваялде.

**Калам цебетIезаби – 8 сагIат.**

ГьитIиналго хабариял текстал предложениязде рихxизе. Цоцаздехун предложениязул бугеб магIнаялъулаб, заманалъулаб, тартибалъулаб хурхен практикияб къагIидаялъ лъималазда бичIчIизаби.

Тексталда кколел аслияъл лъугьа-бахъинал ракIалда чIезаризе ругьун гьари. Киназго цадахъ къокъаб план гIуцIизе бажари.

ГьитIинабго хабаралъул гIатIидгоги къокъгоги хIасил бицине ругьун гьари.

Сюжеталъулал суратазда тIасан учителас лъурал суалазе жавабал кьезе лъай. Хадуб, суалалги гьечIого, хабар херхине кIвей (3-4 предложениялдасан гIуцIараб).

**III  КЛАСС**

**ФОНЕТИКА, ГРАММАТИКА, БИТIУНХЪВАЙ**

**ВА КАЛАМ ЦЕБЕТIЕЗАБИ.**

(51 сагIат)

**Гьаркьал ва хIарпал.**

ГIицIго авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал (**гъ, гь, гI, къ, кь, кI, лъ, хъ, хь, хI, тI, цI, чI**), геминатал ва лабиалиял гьаркьал  битIун рахъиялъулъ лъималазул кколел гIунгутIаби тIагIинариялда тIад хIалтIила тIубараб цIалул соналъ. РагIаби гьаркьазде ва слогазде рихxиялъул бажари жеги камил гьабила. Гьел хIалтIаби тIоритIила, цIалулги грамматикаялъулги дарсазда дагьа-дагьаб заманги кьун.

**РагIул гIуцIи - 5 сагIат.**

Ахиралъул, аслуялъул, кьибилалъул ва суффиксалъул хIакъалъулъ гIаммаб баян кьей. Практикияб къагIидаялъ рагIи магIнаял бутIабазде биххизе ругьун гьари. Аслуялъулъ кколел гьаркьазул хиса-басиязулгун лъай-хъвай гьаби.

**Каламалъул бутIаби**

**Предметияб цIар - 9 сагIат.**

Предметияб цIаралъул хIакъалъулъ авалияб баян.

ГIаммал ва хасал предметиял цIарал. ГIурус мацIалъул дарсазда щвараб лъаялде мугъчIвайги гьабун, практикияб къагIидаялъ хасал цIаразул битIунхъвай такрар гьаби.

Предметиял цIаразул жинс, цолъул ва гIемерлъул форма. ГIурус мацIалъулги авар мацIалъулги грамматикиял жинсазда гьоркьоб бугеб батIалъи.

ГIадатал падежазда ругел предметиял цIаразе суалал лъезе ругьун гьари, падежазул цIаразулгун лъай-хъвай гьабичIого. **Масала:** Инсуца рукъ бана. **(Лъица? щиб?)** Булбулалъул бакъан рагIула. **(Сундул? щиб?)**. Эбелалъе вас вокьула. **(Лъие? щив?)**. Устарас ганчIил къед гьабуна. **(Лъица? сундул? щиб?)**.

**Прилагательное - 5 сагIат.**

Прилагательноялъул хIакъалъулъ авалияб баян. Гьелъие лъолел суалал. Жинсалде ва цолъул-гIемерлъул формаялде прилагательное хисулеб куц. Гьелъул жинсиял гIаламатал практикияб къагIидаялъ лъималазда ричIчIизари (берцинаб цер, берцинав вас, берцинай яс, берцинал васал, ясал, цурдул). Жидерго каламалъулъ предметияб цIаргун прилагательное рекъезабизе ругьун гьари.

**Глагол - 9 сагIат.**

Глаголалъул хIакъалъулъ авалияб баян.

Гьелъие лъолел суалал. Глагол заманазде хиси. Глаголалъул жинсиял гIаламатал. Предметиял цIаралгун рекъон ккезарун, каламалъулъ глаголал хIалтIизаризе малъи.

**РикIкIен 2 сагIат.**

РикIкIеналъул хIакъалъулъ авалияб баян.

Гьелъие лъолел суалал. Къадаралъул ва иргадул рикIкIенал практикияб къагIидаялъ лъазари. Цо-цо рикIкIеназул битIунхъвай.

**Предложение - 17 сагIат.**

Хабарияб, суалияб, тIалабияб ва ахIул предложениялъул хIакъалъулъ баян. МагIнаялде ва абиялде балагьун, тексталда жанир гьел ратIа гьаризе лъай.

Предложениялъул бетIерал членал. Суалазул кумекалдалъун гьел ратIа рахъизе ругьун гьари.

Предложениялъул бетIерал гурел членазе суалал лъезе ругьун гьари (гьел членазда цIаралги абичIого).

Суалазул кумекалдалъун бетIерал гурел членалги тIаде журан, предложениял тIиритIизариялъул хIалбихьи жеги камиллъизаби.

**Араб материал такрар гьаби - 3 сагIат.**

**Калам гIуцIи.**

Учителасул кумекалдалъун киназго цадахъ къокъабго хабарияб тексталъул аслияб магIна жанибе бачараб гьитIинаб план гIуцIизе ругьун гьари. Планалда рекъон, тексталъул хIасил бицине (кIалзул изложение гьабизе) бажари. Бицунлъиялда бажарараб мехалъ, хъвазеги ругьун гьари.

Сюжеталъул суратазда тIасан гьитIиналго, ай **4-6** гIадатаб предложениялдасан данде гьарурал харбал херхине лъай (бицунги хъванги).

Жидер расандабазул, рекIелгъеязул, гьудул-гьалмагъзабазул хIакъалъулъ къокъго бицине бажари. Цинги суалазе жавабал хIисабалда хъвазеги лъай.

Калам гIуцIизе ругьун гьариялъе программаялда хасаб заман бихьизабуларо. ЦIалулги грамматикаялъулги щибаб дарсида гьелъ кквезе ккола аслияб бакI: рагIул нахърател бечед гьаби, гьелги дандран, предложениял гIуцIи, предложенияздасан хабар херхине бажари (бицунги хъванги) ккола авар мацIалъул дарсазул аслияб мурад.

**IV КЛАСС**

**ФОНЕТИКА, ГРАММАТИКА, БИТIУНХЪВАЙ**

**ВА КАЛАМ ЦЕБЕТIЕЗАБИ.**

(51 сагIат)

**Гьаркьал па хIарпал.**

Авар мацIалъе хасиятал **гъ, гь, гI, къ, кь, кI, хъ, хь, хI, лъ, тI, цI, чI**, гьединго геминатал ва лабиалиял гьаркьал битIун рахъияда ва гьел рахьизарулел хIарпал битIун хъваялде тIад гьабулеб хIалтIи гьоркьоса къотIизе теларо. Хасаб заман гьелъие бихьизабун гьечIо, амма, цIалдохъабазул кколел гъалатIазде балагьун, тIад-тIад руссун, гьел такрар гьарула.

**Предметияб цIар - 16 сагIат.**

Цересел классазда малъараб материал такрар гьаби.

МагIнаялде балагьун, предметияб цIаралъул жинс батIа бахъизе ругьун гьари. ГIурус мацIалда дандеккун, авар мацIалда грамматикияб жинсалъул бугеб батIалъи практикияб къагIидаялъ лъазаби.

Предметиял цIарал - падежазде сверулеб куц баян гьаби:

Аслияб падеж - **щив? щий? щиб? щал**?

Актив падеж - **лъица? сунца?**

Хаслъун падеж - **лъил? с.ундул?**

Кьовул падеж - **лъие? сундуе?**

Жинда падеж **- лъида? сунда?**

Падежазул ахиразул битIун цIали ва хъвай практикияб къагIидаялъ лъималазда лъазаби.

Суалазул кумекалдалъун бакIазул падежазулгун практикияб лъай-хъвай гьаби: лъида? сунда? лъилъ? сундулъ? лъикь? сундукь?      лъихъ? сундухъ? ва гь. ц.

**Прилагательное - 5 сагIат.**

Цересел классазда малъараб материал такрар гьаби. Прилагательноял предметияб цIаргун жинсалъулъ ва формаялъулъ рекъезарун, жидерго каламалъулъ хIалтIизаризе малъи.

Прилагательноязул битIунхъвай.

**ЦIарубакI - 5 сагIат.**

Гьумералъул цIарубакIазулгун практикияб къагIидаялъ лъайхъвай гьаби. Предметиял цIаразул бакIалда цIарубакIалги лъун, предложениял хисизаризе ругьунлъи. ТIоцебесеб, кIиабилеб ва лъабабилеб гьумералъул цIарубакIал жидерго каламалъулъ хIалтIизаризе бажари. ГIурус мацIалъул цIарубакIазда дандеккун, авар мацIалъул цIарубакIазул батIалъи баян гьаби: **мы** - ниж, нилъ; **он** - гьев, гьав, дов, гъов.

**Глагол - 13 сагIат.**

Инфинитив - глаголалъул аслияб форма. Араб, бачIунеб, гьанже ва гIахьалаб заманалде глагол хисулеб куц практикияб къагIидаялъ лъималазда лъазаби. *Буго, гьечIо* абурал глаголал тIаде журан, лъугьунел составиял глаголал. БачIунеб ва гьанже заманалда гьел глаголал хIалтIизаризе жеги лъикIго лъазаби.

Жинсиял ва жинсиял гурел глаголазулгун практикияб лъайхъвай гIатIид гьаби: *Яс кьурдана. Вас кьурдана. Лъимал кьурдана. Яс ячIана. Вас вачIана. Машина бачIана. Лъимал рачIана.*

**Предложение - 12 сагIат.**

Предложениялда жанир рагIабазул дандраял ратизе ва гьезда гьоркьоб магIнаялъулабгин  грамматикияб бухьен чIезабизе (суалазул кумекалдалъун) ругьун гьари.

Союзалгунги союзал гьечIогоги тайпа цоял членал ругел предложениял гIуцIизе, тексталда жанир гьел ратизе ругьун гьари. Тайпа цоял членалгун

предложениял битIун цIализе ва лъалхъул ишараби лъезе лъай.

Кьурал предложениял тIиритIизариялъул хIалбихьи жеги камил гьаби. ТIиритIарал предложениязда жанир бетIерал членал ратизе бугеб бажари камиллъизаби.

Жубараб предложениялъулгун практикияб лъай-хъвай гьаби.

**Словарияб хIалтIи.**

Художествиял асарал цIалулелъул, дандчIварал ричIчIуларел рагIаби хъвазарунги грамматикаялъул дарсазда цIиял рагIабаздаса, синонимаздаса, антонимаздаса практикияб къагIидаялъ пайда босизе малъунги, лъималазул рагIул нахърател тIадеялдаса тIаде бечелъизе гьабула. Гьеб рахъалъ тIоцебесеб классалда байбихьараб хIалтIи, школа лъугIизегIан, гьоркьоса къотIичIого бачине ккола.

**Калам гIуцIи.**

Бицунги хъванги калам гIуцIиялъул хIалтIи щибаб дарсида гьабула. Цо хъвавул хIалтIиялда дандеккун 5-6 кIалзул изложение (хIасил бицин, суалазе жаваб кьей, сочинение, хабар данде гьаби) гIадал калам гIуцIиялъул хIалтIаби тIоритIула.

Диктанталги  малъун, лъагIалида жаниб хъвавул хIалтIабазул къадар букIина **14-16**-ялдаса дагь гьечIеб, гьездасан **4-6** контролияб, хутIарал - ругьунлъиялъул.

Берцинго хъваялъе ва хатI къачIаялъе программаялда хасаб заман бихьизабун гьечIониги, цересел классаздаго гIадин, гьанибги берцин хъваялде ва хатI къачIаялде кидагосеб кIвар кьела.

## ЦIАЛИ ВА КАЛАМ ЦЕБЕТIЕЗАБИ

Программаялда цIалул курс гIуцIизе бихьизабун буго гьадинаб тематика. Гьелъ гъорлъе бачуна: лъагIалил 4 заманалда хурхарал харбал, кучIдул, макъалаби, халкъияб кIалзул гьунаралъvл асарал, ВатIаналъул, гьединго эркенаб захIматалъул лъималазул гIумруялъул ва сахаватал ишазул, ракълие гIоло къеркьеялъул бицунел рагIул устарзабаз хъварал кучIдул ва харбал. Гьел рукIине ккола ричIчIизе бигьаял, пасихIал, лъималазул рухIияб гIумруялде гIагарал гIисинал асарал. Гьезул кIодолъи 1-4 классазда букIине мустахIикъаб буго 0,5-2 гьумералдаса тIаде инчIеб хабар. РекIехъе лъазаризе ругел кучIдузул кIодолъи 6-I2 мухъалдаса цIикIкIине лъикIаб гьечIо. ЦIализе хIисаб гьабурал рукIине бегьула 20 мухъалдаса тIадехун инчIел. 2-4 классазда цIалул дарсида цIикIкIунисеб заман инабула малъулеб асар цIалулагоги гьелда тIад хIалтIулагоги.

Текстал цIали гуребги, программаялъ хIисабалде босун буго тIадчIун лъималазул рагIул нахърател бечед гьабизе, рагIабиги гъорлъе ккезарун, гьел предложениял гIуцIизе ругьун гьари, гьединго малъарал, тайпабазул предложенияздасан  хабар херхине бажари букIинабизе; битIун, бичIчIун, чвахун цIализе, тексталда тIад хIалтIизе, гьелъул гIадатаб анализ гьабизе, суалазе жавабал кьезе, гара-чIвариялда гIахьаллъизе. Программаялда чIванкъотIун бихьизабун буго гьеб рахъалъ щибаб классалда лъималазе щвезе кколеб лъайги лъугьине кколеб бажариги.

Художествияб текст (хабар, кечI, маргьа) цIалулелъул, цохIо битIун ва хехго цIалиялде гуребги, учителас кIвар кьела асаралъул аслияб магIна лъималазда бичIчIизабиялде, логикияб ударение лъун, авторасул рекIел хIал загьирлъуледухъ, гьес героязе  кьолеб къимат баянлъуледухъ, гьаракь-бакъан рекъезабун, цIализе ругьун гьариялдеги. ЦIалдохъаби тIамила (гьезухъа бажарулеб даражаялда) лъугьа-бахъиназе къимат кьезе, героязул гIамал-хасият данде кквезе. Учителасул нухмалъиялда гьоркь лъималаз рагIун текст цIалула цадахъгоги, кьералккунги, кIи-кIиккунги, цо-цоккунги. ГъалатI биччачIого, рагIун

текст цIализе ругьунлъарал лъимал тIамула (хасал тIадкъаялги кьун) жидеего сасун асар цIализеги.

Шагьаралъул школазда цIалулги грамматикаялъулги дарсазда гьоркьоб кIудияб батIалъи букIине кколаро. ЦIалул дарсидаги дандчIваралщинал захIматал гьаркьал-хIарпал битIун рахъиялда (абиялда) тIад хIалтIула. СанагIатал предложениял рагIабазде, рагIаби слогазде, гьаркьазде риххизе ругьун гьарула практикияб къагIидаялъ. Гьединго грамматикаялъул дарсида аслияб бакI кквезе ккола рагIаби ва предложениял битIун цIалиялъ, предложениялги дандран, хабар херхине ругьун гьариялъ, кицабаздаса, бицанкIабаздаса, пасихIал кучIдуздаса пайдаги босун, лъималазул гIакълу цIубазабиялъ. Хасго цIалул дарсазда цIиял рагIаби малъиялъ, гьел батIи-батIиял гIуцIабазулъ такрар гьариялъ мустахIикъаб бакI кквезе ккола. ЦIиял рагIабазул макIна баян гьабизе лъикIаб буго предложениязда жаниб. Гьениб баккула рагIул чIванкъотIараб цо магIна. КIалзул изложение хIисабалда цIалараб тексталъул хIасил бицине (къокъгоги гIатIидгоги), хIасилалда тIасан кьурал суалазе къокъгоги тIубарал предложенияздалъунги  жавабал кьезе лъазе ккола. МагIнаял бутIабазде текст биххизе, гьезда цIарал лъезе ругьун гьариялдасан цIалдохъаби рачина жидецаго къокъабго план гIуцIиялде, гьелда рекъон (бицунги хъванги) изложение тIобитIиялде.

**II  КЛАСС**

**ЦIАЛИ ВА КАЛАМ ЦЕБЕТIЕЗАБИ**

(51 сагIат)

**Нилъер ВатIан**

ВатIаналъул, шагьаразул ва росабазул, гьаваялда, ралъдада ва ракъдада бахIарчилъи бихьизабурал Дагъистаналъул бахIарзазул хIакъалъулъ кучIдул ва харбал.

**Гьайбатаб рии.**

Риидал магIарул тIабигIаталъул гьайбатлъиялъул бицунел харбал ва кучIдул. МагIишаталда лъималаз гьарулел пайдаял хIалтIабазул бицунел асарал.

**Меседил хаслихълъи**

ГӀадамазул захӀматалда тӀор баялъул, тӀабигӀаталъул хиса-басиялъул ва берцинлъиялъул, бачӀин бакӀариялъул, ахакь, хурзабахъ гьарулел хӀалтӀабазул хӀакъалъулъ къокъал, пасихӀал харбал ва кучӀдул.

Лъималаз чӀахӀиязе гьабулеб кумекалда тӀасан гара-чӀвари.

**Рукъалъул хӀайванал ва хӀанчӀи**

Рукъалъул хӀайваназул ва хӀанчӀазул хӀакъалъулъ рагӀул устарзабаз хъварал асарал цӀали.

Гьел хьихьиялда ва гьездаса бахунеб хайиралда тӀасан гара-чӀвари.

**ГӀалхул хӀайванал ва хӀанчӀи**

ГӀалхул хӀайваназул ва хӀанчӀазул хӀакъалъулъ къокъал кучӀдул ва харбал цӀали.

Гьезул гӀумруялда ва бетӀербахъиялда тӀасан гара-чӀвари гьаби.

**Эркенаб захӀмат - нигӀматазул ицц**

ЗахӀматалъул церехъабазул, гьединго лъималазул гӀумруялъул ва пайдаял ишазул хӀакъалъулъ къокъал асарал.

Лъималазул рукӀа-рахъиналда, хъвада-чӀвадиялда ва махщалида тӀасан гара-чӀвари.

**ХъахӀаб хасел - лъималазе рохел**

Хасалил гӀаламатал. ЦӀияб соналде хӀадурлъи. Хасало лъималазул рекӀелгъеял. Хасалил тӀабигӀаталъул ва рухӀчӀаголъабаз хӀайваназ ва хӀанчӀаз хасел тӀамулеб куцалъул бицунел асарал цӀали ва гара-чӀвари.

8. **Халкъияб кӀалзул гьунаралъул асарал**

ГӀажаибал лъугъа-бахъиназул ва хӀайваназул хӀакъалъулъ халкъиял маргъаби. ЗахӀматалъул, гӀелму-лъаялъул, лъикӀлъи-квешлъиялъул бицунел, лъималазул гӀумруялъул хӀалбихьиялда ва гӀакълуялда данде кколел кицаби, бицанкӀаби, лъималазул кучӀдул.

**ЛъикӀлъи, хӀалимлъи, хӀурмат**

ГӀадамазул лъикӀабги квешабги хьвада-чӀвадиялъул, цоцазе гьабулеб хӀурматалъул, яхӀ-намус бугел унго-унгоял гӀадамазул хӀакъалъулъ харбал ва кучӀдул.

**8 март**

Улбузул, яцазул, киналго руччабазул хӀурматияб захӀматалъул, лъималазде гъезул бугеб гӀурхъи гъечӀеб рокьул бицунел харбал ва кучӀдул цӀали.

Улбузул, ай руччабазул къо кӀодо гьабиялъул хӀакъалъулъ гара-чӀвари.

**Хъизан ва школа**

Хъизаналъул ва школалъул кӀудиязулги гӀисиназулги цоцадехун букӀине кколеб гьоркьоблъиялъул хӀакъалъулъ кучӀдул ва харбал.

**Шагьар, росу**

Дагъистаналъул шагьаразул ва росабазул, гӀадамазул гӀумруялъул, гьез гьарулел хӀалтӀабазул хӀакъалъулъ асарал.

**III КЛАСС**

**ЦӀАЛИ ВА КАЛАМ ЦЕБЕТӀЕЗАБИ**

(51 сагӀат

**ЗахӀматалъул рии**

Роол хӀакъалъулъ рагӀул устарзабаз хъварал къокъал асарал (**1-1,5** гьумер).

Риидал рукӀарал рекӀелгъеязул ва хӀухьбахъиялъул хӀакъалъулъ гара-чӀвариял (лъималазул халкквеялде ва роол тӀабигӀаталъул суратазде мугъчӀвайги гьабун).

**Гьарзаяб хасалихълъи**

Гьарзаяб, гьайбатаб, пашманаб хасалихълъиялъул хӀакъалъулъ къокъал харбал, кучӀдул.

Хурул ва ахил бачӀин рукъалде буссинабиялъулъ цӀалдохъабаз гьабулеб гӀахьаллъиялъул ва гьелъул кӀваралъул бицунеб гара-чӀвари. "ХинкӀ босулес гул босе, горо босулес тӀор босе" абураб аваразул кициялъул магӀна рагьи.

**Лъималазул гӀумру ва ишал**

Лъималазул гӀумруялъул ва сахаватал ишазул хӀакъалъулъ харбал ва кучӀдул. Цогидал улкабазул лъималазул гӀумруялъул бицараб гара-чӀвари. Халкъазда гьоркьоб рекъел ва гьудуллъи щулалъиялъе лъималаз бахъулеб хӀаракат.

**ТӀабигӀат цӀуни**

ГӀагараб тӀабигӀат, гьелда нур базабулел рухӀчӀаголъаби цӀуниялъул бицунел асарал.

**Халкъияб кӀалзул гьунаралъул асарал**

Лъималазул маргьаби, кучӀдул, бицанкӀаби, захӀматалъул, гӀелмуялъаялъул, квешлъи-лъикӀлъиялъул хӀакъалъулъ кицаби, абиял.

**Хасалилги буго гӀураб берцинлъи**

Хасалил тӀабигӀаталъул бицунел рагӀул устарзабазул асарал. Хасало лъималазул рекӀелгъеял. ЦӀияб соналъул байрам.

Хасалил каникулал араб куцалда тӀасан гара-чӀвари.

**Нилъер ункъхӀатӀилал гьудулзаби**

Рукъалъул ва гIалхул хIайваназул, хIанчIазул  хIакъалъулъ къокъал харбал ва кучIдул.

**ВатIан чIухIарал бахIарзал**

ВатIаналъе ва халкъалъе гIоло рухI кьурал бахIарзазул гьунарал, гIаданлъи, лебаллъи, намус, бацIцIалъи загьир гьабулел къокъал харбал кучIдул, маргьаби, биценал, кицаби.

**Нилъер праздникал**

Ихдалил праздниказул бицунел асарал цIали: 8 Март, Космонавтикаялъул къо, оцбай, 9 Май.

**Ихдалил тIабигIат**

Ихдалил гьайбатлъиялъул, гъелъ гьабулеб асаралъул бицунел асарал. Ихдал тIабигIат цIилъулеб куцалъул, сверухъ кколеб хиса-басиязул, хурзабахъ ва ахакь гьарулел хIалтIабазул бицунеб гара-чIвари.

**III  КЛАСС**

**ЦIАЛИ ВА КАЛАМ ЦЕБЕТIЕЗАБИ**

(51 сагIат)

- **Роол ракIалдещвеял**

ГIагараб ВатIаналъул тIабигIаталъул сипат-сурат цебечIезарулел аваразул ргIул устарзабазул къокъал харбал ва кучIдул цIали. ВатIаналде бугеб жидерго рокьи гьез загьир гьабураб куц лъималазе ргьи.

Риидал лъимал хIалтIараб ва гьез хIухьбахъараб куцалда тIасан гарачIвари.

**Лъималазул гIумру ва сахаватал ишал**

Нилъер ва цогидал улкабазда лъималазул бугеб гIумруялъул  хIакъалъулъ къокъал харбал. ГIадамазе ва ВатIаналъе пайдаяллъун рукIине ккеялъул бицунел асарал. Лъималазе - рекъел! Ргъ хIажат гьечIо.

**МагIарул тIабигIат**

Аваразул цересел ва гьанжесел хъвадарухъабазул асаразулъ гIагараб тIабигIаталъул сипатал ва суратал.

ТIабигIат цIунизе ва бечед гьабизе ккеялъул суалазда тIасан гарачIвари.

ЛъагIалил батIи-батIияб заманалъ тIабигIат хисулеб куцалда хадур гъезари. Художниказ суратазда ва поэтаэ кучIдузулъ батIи-батIияб заманалъ тIабигIаталъул берцинлъи бихьизабун бугеб куц.

**Эркенаб захIмат - талихIалъул кечI**

ЗахIмат рихарав чи - халкъалъул гъин кунев чи. Меседил кверал ругезул меседил ракIги букIунеб. ХIалтIизе бокьунгутIи - инсанасул бищун какараб хасият. «ХIалтIичIесе гьечIилан ихдал хIинчIги ахIдолеб».

ЗахIматалъул церехъабазул хIакъалъулъ къокъал асарал.

Эбел-инсул хIалтIул ва жалго лъималаз гьарулел пайдаял ишазул хIакъалъулъ гара-чIвари. ЗахIмат бихьун - мухь.

Дагъистаналда миллатазул гьудуллъиялъул ва машгьурал гIадамазул хIакъалъулъ асарал.

### Халкъияб кIалзул гьунаралъул асарал

ГIисинаб гIелалъул лъималазе мустахIикъал халкъиял маргьаби. кучIдул, кицаби, бицанкIаби.

### Хасало берцинаб жо - бицатаб гIазу

Хасалил тIабигIаталъул хIакъалъулъ рагIул устарзабаз хъварал асарал цIалулаго, гьелъул берцинлъиялдехун  лъималазул рокьи базаби. Художниказги хъвадарухъабазги ВатIаналде бугеб жидерго рокьи гьелъул тIабигIаталъул гьайбатлъи бихьизабиялдалъун загьир гьабун букIин цIалдохъабазда бичIчIизаби.

### ЛъикIабин сунда абулеб, квешабин сунда абулеб

ГIадамазул гьоркьоблъабазул, унго-унгоял гьудулзабазул ва гьалмагъзабазул, лъикIабги квешабги хьвади-чIвадиялъул, яхI-намусалъул хIакъалъулъ асарал.

### МугIрузул улка.

Дагъистаналъул мацIазул, халкъазул, тарихалъул, эркенлъиялъе гIоло къеркьарал бахIарзазул, географиялъул хIакъалъулъ бицунел асарал.

### Их тIаде бачIиндал,  тIегьала ракIал.

Ихдал тIабигIат чIаголъулеб куцалъул, гьелъул берцинлъиялъ гьабулеб асаралъул бицунел къокъалго харбал ва кучIдул цIали, гьезул гIадатаб анализ гьабизе малъи.

Ихдал кколел тIабигIиял хиса-басиязда тIасан лъималазулгун гарачIвари.

### ВатIаналъул кIалтIу къараб хъаравул

Рагъда чIел босарал васазул хIакъалъулъ къокъал асарал. 9 Май - БергьенлъиялъулкЪо.

### Рекъел буго нижей къваригIараб жо

Рагъул балагьалдаса гIалам цIунизе, ракълилаб гIумруялъе гIоло къеркьезе ахIарал асарал.

Ракълие ва эркенлъиялъе гIоло цогидал улкабазда халкъаз гьабулеб къеркъеялда тIасан гара-чIвари.

**Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъ щибаб классалъул цIалдохъабазда цере чIарал аслиял тIалабал**

**2 класс лъугIулел лъималазда лъазе**

**ва гьезухъан бажаризе ккола:**

Дарсида учителас цIаларал ва рицарал къокъал хабариял текстазул магIна босизе, гьезда кьураб 1-2 суалалъе битIараб жаваб гьабизе (малъарал тайпабазул предложениялдалъун);

заманалъул яги лъугьа-бахъиназул тартибги цIунун, 3-5 предложениялдасан хабар данде гьабизе. (Суратазда тIасанги лъугьа-бахъиназул кьучIалдаги);

ролазде бикьун, гаргаралъулаб текст цIализе;

малъарал къокъалго хабариял текстазда ва кочIол куплетазда тIасан 3-4 сураталдасан данде гьабураб диафильм гIуцIизе (бицун);

учителасда цадахъ такрар гьабунги жидецаго цIалунги къокъал (6-I2 мухъ бугел, 7-8 слогазул гIуцIи бугел) кучIдул рекIехъе лъазаризе;

учителас кьурал гIадатал гIисинал предложениязулъ рагIабазул грамматикиял формаби хисизаризе. **Масала:** *Яс уней йиго. Ясал унел руго. Вас унев вуго. Васал унел руго. Трактодалъ хур бекьулеб буго. Тракторалъ хурзал рекьулел руго. ГIеретI бесана. ГIеретI бесулеб буго. ГIеретI бесизе буго;*

**кин? кида? кинав? кинай? кинаб? кинал?** абурал суалазе жаваблъун кколел рагIабиги тIаде журан, предложениял тIиритIизаризе. Масала: *Эбелалъ гIака бечIчIана. Хирияй эбелалъ гIака бечIчIана. Эбелалъ багIараб гIака бечIчIана. Эбелалъ радал (бакъанида, маркIачIуда) гIака бечIчIана. Эбелалъ хехго (гIедегIун) гIака бечIчIана;*

гьитIинабго текст предложениязде биххизе, предложение рагIабазде биххизе, суалазул кумекалдалъун, рагIабазда гьоркьоб магIнаялъулабгин формаялъулаб хурхен батизе;

малъарал рагIабазул ва предложениязул кьучIалда авар мацIалъ гаргадизе,

гара-чIвариялда гIахьаллъизе, суалазе къокъгоги тIубангоги жавабал кьезе, жинцаго гьалмагъасда яги учителасда хIажатаб жо гьикъизе;

битIун, чвахун, минуталда жаниб 30-40 рагIи кколеб хехлъиялда малъараб текст цIализе, авар мацIалъе хасиятал гьаркьал рихьизарулел хIарпал (**къ, кь, кI, хъ** ва гь. ц.) къосинчIого рагIабазулъ битIун цIализе;

рагIабазул фонетикияб анализ гьабизе, ай рагьукъал ва рагьарал гьаркьал ратIа рахъизе;

геминаталги лабиалиял гьаркьалги рагIабазулъ битIун абизе (цIализе);

логикияб ударениеги лъун, къокъал гІадатал предложениял ва гьитІинаб текст (**6-8** предложение жаниб бугеб) цІализе;

малъарал текстазда ва суратазда тІасан лъурал суалазе тІубарал жавабал хъвазе (бицунлъиялда цебеккунго лъикІаб хІадурлъи гьабун хадуб). Киназдаго бицине лъараб мехалъ, къокъаб хабар (**15-18** рагІи бугеб) хъвазе;

БАЯН:

а). ГІинзул ва берзул диктантазул кІодолъи 40-50 рагІиялде бахараб букІуна;

б). Рокъобе хасал тІадкъаял кьоларо. Жидеего бокьараб текст тІасабищун цІализе ва суратал рихьизе, «Лачен» журналалъул номерал кьола бокьарал лъималазухъе рокъоре росизе;

в). РекІехъе лъазаризе кьола **6-12** мухъалдаса кІудиял гьечІел, **7-8** слогазул гІуцІиялъул, пасихІал, бигьаго ракІалда чІолел кучІдул. ЛъагІалида жаниб гьезул къадарги **10-12** цІикІкІине лъикІаб гьечІо;

**3 класс лъугІулел лъималазда лъазе**

**ва гьезухъан бажаризе ккола:**

Учителас рицаралги цІаларалги асаразул аслияб магІна босизе. Гьезда тІасан лъурал суалазе къокъго жавабал кьезе;

авар мацІалъе хасиятал гьаркьал: **къ, хъ, гъ, лъ** ва гь. ц., гьединго геминатал ва лабиалиял гьаркьал гъорлъ ругел рагІаби, предложениял, гъалатІ биччачІого, чвахун цІализе;

авар мацІалда гьабулеб гара-чвариялда гІахьаллъизе, жинцаго суалал кьезе, жавабазул магІна босизе;

гьитІинал текстазул къокъгоги гІатІидгоги хІасил бицине;

диафильм хІисабалда малъараб (цІалараб) тексталда кколел лъугьа-бахъиназул тартибалда суратал церечІезаризе;

сюжеталъулал суратазда тІасан гьитІинал харбал херхине (бицунги хъванги);

рагІун, битІун, бичІчІун, чвахун, минуталда жаниб 50-60 рагІи кколеб хехлъиялда хабарияб текст цІализе;

учителасул кумекалдалъун, малъарал асаразул лъугьа-бахъиназе ва героязул ишазе битІараб къимат кьезе;

малъарал (цІаларал) гьитІиналго асаразул къокъгоги гІатІидгоги хІасил бицине (планалда рекъонги гьеб гьечІогоги).

жидеца цІалулеб тексталда жаниса ричІчІуларел рагІаби ва предложениял ратІарахъизе, гьезул магІна учителасда цІехезе;

гӀадатаб хабарияб предложение суалияблъун гьабизе: *Эбелалъ гурде букъулеб буго. Эбелалъ щиб букъулеб бугеб?*

учителас кьураб планалда рекъон, тексталъул магӀнаял бутӀаби ратӀа рахъизе;

учителас гӀурусалъ абурал предложениял авар тексталда жанир ратизе ва цӀализе. Авар мацӀалъ учителас бицараб жоялъул магӀна гӀурусалъ баян гьабизе;

гъалатӀ биччачӀого, тӀаде балагьун, текст хъвазе (Берзул диктант);

цӀалараб тексталда яги суратазда тӀасан кьурал суалазе тӀубарал предложенияздалъун жавабал гьаризе (бицун);

цин цебе кӀалзул изложение хӀисабалда хӀадурараб гьитӀинабго текст хъвазе бажари (кьураб планалда яги суалазда рекъон);

мухӀканаб хӀадурлъиялдаса хадуб, бигьаяб тексталъул изложение хъвазе **(8-10** предложение**)**;

малъарал битӀунхъваялъул къагӀидабиги цӀунун, 50-60 рагӀи бугеб гӀинзул ва берзул диктант хъвазе.

Классалда лъималаз цӀализе хӀисаб гьабурал текстазул кӀодолъи цӀикӀкӀине лъикӀаб гьечӀо 1-2 гьумералдаса. Учителас лъималазе бицине яги цӀализе хӀисаб гьабурал асарал рукӀине бегьула 3-4 гьумералда.

**4 класс лъугӀулел лъималазда лъазе**

**на гьезухъан бажаризе ккола:**

Учителас бицараб жоялъул ва тӀехьалдаса цӀалараб тексталъул магӀна босизе;

хӀасилалда тӀасан кьурал суалазе къокъго жабавал гьаризе;

малъарал ва жинцаго цӀаларал гӀисинал асаразул лъугьа-бахъиназул тартиб ракӀалда чӀезабизе, героязул ишазе ва рагӀабазе битӀараб къимат кьезе;

гара-чӀвариялда гӀахьаллъизе. Жинцаго суалал кьезе, малъарал асаразда тӀасан лъурал суалазе къокъгоги гӀатӀидгоги жавабал кьезе;

малъарал асаразул хӀасил бицине (къокъгоги гӀатӀидгоги);

суалиял яги хабариял предложенияздалъун гьитӀинабго тексталъул къокъаб план гӀуцӀизе ва гьелда рекъон хӀасил бицине. Гьединго текст магӀнаял бутӀабазде биххизе, гьезда цӀар лъезе (учителасул кумекалдалъун);

логикияб ударениеги лъун, кколелъуб лъалхъиги гьабун, битӀун, чвахун, минуталда жаниб 60-70 рагӀи хехлъиялда малъараб бигьаяб текст цӀализе;

маргьаби, харбал, кучӀдул, кицаби, бицанкӀаби цоцаздаса ратӀа рахъизе;

рекӀехъе лъазарурал кучӀдул пасихӀго цӀализе;

кучӀдузулъ, харбазулъ авторас загьир гьабулеб асаралъул бицине;

герояздехун ва гьезул ишаздехун авторасул бугеб бербалагьи рагьизе (какулевищ яги веццулевищ авторас жиндирго герой вугевали баян гьабизе). Гьелъие нугIлъи гьабулел сипатиял рагIаби ратизе;

авар мацIалъ гаргадизе. Суратазда ва лъугьа-бахъиназда тIасан гьитIинабго (**4-6** предложение бугеб) хабар херхине (бицун);

лъикIаб хIадурлъиялдаса хадуб, сочинение хъвазе, магIнаялъул тартибги цIунун;

малъарал битIунхъваялъул къагIидабиги цIунун, 60-70 рагIи бугеб диктант хъвазе (берзулги гIинзулги);

рагIи магIнаял бутIабазде биххизе (ахир, аслу, кьибил, суффикс батизе);

малъарал каламалъул бутIаби тексталда ратизе, гьезие битIун суал лъезе;

предложениялъул тайна батIа гьабизе (хабарияб, тIалабияб, суалияб, ахIул);

предложениялъул бетIерал членал ратизе, гьезие битIун суалал лъезе;

предметияб цIар ва цIарубакI падежазде сверизе (суалазул кумекалдалъун). Падежазул ахирал битIун хъвазе;

тайпа цоял членал хъвалелъул, запятая лъун, ратIа гьаризе, цIалулелъул лъалхъизе;

Баян:

а). ЛъагIалил ахиралдехун изложениязул ва сочинениязул кIодолъи букIуна диктанталдаса 10 рагIиялъ цIикIкIараб;

б). Классалда лъималаз цIализе росулел текстал рукIуна 11,5 гьумералдаса кIудиял гьечIел, учителас лъималазе цIализе ва рицине хIисаб гьабурал текстал рукIине бегьула 4-5 гьумералда ругелги;

в). ЛъагIалида жаниб рекIехъе лъазаризе кьола 8-12 мухъалдаса цIикIкIинчIел, 7-8 слогалдасан гIуцIарал бигьаял кучIдул. Гьезул къадар 8-10-ялдаса цIикIкIине бегьуларо. Гьел рукIине ккола дурусаб чвахиялъул (бакъаналъул) пасихIал, хехго рекIелъ росулел, лъималазул гIамал-хасияталда данде кколеб магIнаялъул.

**ЦIалдохъабазда лъазе тIадал рагIабазул ва рагIабазул дандраязул сияхI**

**1 класс**

Абизе – сказать

Авал – начало

Автобус – автобус

Азбар – двор

Анкьго – семь

Анкь – неделя

АнцIго – десять

АнцIтIалаяб – десятиэтажный

Аргъан – гармошка

Аргъан хъвазе – играть на грамошке

Баба – мама

БагIараб – красный

БагIнас – дикая коза

Базар – рынок

Байрахъ – знамя, флаг

Бакьуч – барсук

БакI - место, стул

БакIаризе – собирать

Балухъ – ложка

Баркала – спасибо

Барти – жеребец

Баси – бычок

БацIцIадаб – чистый

Бачине – вести

Баччизе – возить

Барщизе – созреть

Барщизе – быть в ссоре, поссориться, обижаться

Бекизе – ломать

Бел – лопата

Бер- глаз

Берцинго – красиво

БетIер – голова

Бече – теленок

Бигьаро – тополь

Бижизе – расти

Биине – таять

Биччизе – мокнуть

Бицине – рассказать, говорить

Биччараб – мокрый

БичIизе – колоть

Бокь – сарай

Борхараб – высокий

Босана – взял, купил

Бох - нога

Бугъа – бык (производитель)

Булка – булка

БурутI - козленок

Бусен – гнездо, постель

Варани – верблюд

Вас – сын, мальчик

В(й-, б-, р-)асандизе - играть

Васасул вас – внук

В(й-, б-, р-)ахъине - вставать

Вац- брать

В\й-, б-, р-\ ачIине - приходить

В\й -, б -, р -\ егизе - лечь

Вокзал – вокзал

В\й-, б-, р-\ орчIизе - проснуться

В\й-, б-, р-\ уссине - вернуться

Гага – косточка

Гвангва – белка

Габур – шея

Газа – мотыга

Гама – корабль

Гени – груша

Гомог – желоб

Гордо – окно

ГохI - холм

ГохIдаса гъоркье – вниз с холма

Гурде– рубашка

Гул – сноп

Гудур – капкан

Гургур – индюк

Гъабу – лоза \виноградная\

Гъванша – затылок

Гъадаро – тарелка

ГъалбацI - лев

ГъанцIа – крючок

Гъаплан – леопард

ГъацIи – облепиха

Гъеду – ворона

Гъеж – рука \от плеча до киста\

ГъотIоркIо – дятел

Гъуни – стог, куча

Гьаб \-в, -й, -л\ - это, этот, эта, эти

Гьабигьан – мельник

Гьалбал – гости

Гьобол – гость

Гьаниб  \-в, -й, -р\ - здесь, тут

Гьекъезе – пить

ГьитIинаб \-в, -й, -л\  - Маленькое \-й, -я, -е\

Гьобо – мельница

Гьод – спина

Гьой \гьве\ - собака

Гьудуллъи – дружба

ГIазу – снег

ГIазу балеб буго – идет снег

ГIазул хIули – снежинка

ГIазуречIчIи – игра в снежки

ГIазул ясикIо – снежная баба

ГIака – корова

ГIала – кобыла

ГIанкI - заяц, кролик

ГIанкIу – курица

ГIанса 1 – посох

ГIанса  2 – снежная птица

ГIарада – пушка

ГIачIар – нетель

ГIащтIи – топор

ГIенеккизе – слушать

ГIемераб гIазу – много снега

ГIеч – яблоко

ГIи – овцы

ГIи бечIчIизе – доить овец

ГIин – ухо

ГIинтIи – шиповник

ГIодов чIезе – сидеть

ГIодоб лъезе – положить

ГIор – река

ГIужрукъ – ёж

ГІункІрукъ – локоть

ГІурччинаб – зеленый

ГІучІ - палочка, вилка

Дада – папа

ДахІадада – дедушка

ДахІабаба – бабушка

Дад – маслобойка

Дару – лекарство

ДегІен – козёл

Дир – мой

Дур – твой

Эбел – мать

Эмен – отец

Эгъе – пятка

Жаваб – ответ

Жага – вишня

Жайран – антилопа

Жакъа – сегодня

Жал 1 – грива лошади

Жал 2 – сами

ЖанахІ - коридор

Жанибе - вовнутрь

Жигар – старание

Жул – метла

Жулам – кизил

Заз – колючка

Зарядка – зарядка

Зенеро – юла

Зоб – небо

Зурма – зурна

Ине – идти

Инкар – отказ

Ирга – очередь

Иту – утюг

Ицц – родник

ИчӀго – девять

ИчӀтӀалаял – девятиэтажные

Каву – ворота

КвацӀи – букет

Капуста – капуста

Картошка – картофель

Керен – грудь

Керчаб – густой

Киб\-в, -й, -р\  - где

Кибе    - куда

Киса – откуда

Кокон – слива

Кор – жаровня

Конфетал – конфеты

Кровать – кровать

Курак – курага

Канлъи – свет

КвартӀа – молоток

Кваназе – кушать, есть

Кваназе гьаруна – кормили

Кваркьи – крыло

Квар – веревка

Квач – холод

КатитIинчI - котёнок

Квас – шерсть

КватIизе – опаздывать

Квелъелал – рукавицы

Квер - рука

Кету – кот, кошка

Килищ – палец

Кинаб \-в, -й, -р\  – какое (каков, какая, какие)

Кун – нитка

Кумек – помощь

Лага – часть тела

Лалу – свирель

Ламадур – морковь

Лъабго – три

Лъай – знание

Лъалхъизе – делать передышку

Лъар – речка

Лълъар – рог

Лъен – вилы

ЛъикIаб \-в, -й, -р\  - хорошее (хороший, хорошая, хорошие)

Лъил – чья

ЛъикI - хорошо, ладно

Лъимал – дети

Лъутизе – убегать

ЛълъутIизе – скроить

МагI - гвоздь

Майдан – площадь

Майка – майка

Малъ  - ноготь

Малъизе – учить

Мах – берёза

Махх – железо

МахIу – колено

МацI - язык

Мачуял – чувяки

Машина – машина

МегIер – нос, гора

Микки – голубь

Микьир – персик

Микьго – восемь

Мина – дом, здание

Мина – эмаль

Мугъ – спина

Мун – ты

Най – пчела

Нах – масло

Нижь, нилъ – мы

Нижер, нилъер – наш, наша, наше, наши

Нису – сыр, творог

Нодо – лоб

Нус-1 – нож

Нус-2 – невестка

Нур – радуга

Ордек – утка

Ордекалъул тIинчI - утёнок

Охцер – огурец

Оц – бык, вол

Пальто – пальто

Парк – парк

Парта – парта

ПастIан 1 – дыня

ПастIан 2 – огород

Пер – лук

Печь – печь

Помидор – помидор

Рагьизе – открыть

РагI - сосуд (глиняный)

Ражи – чеснок

Радал – утром

Ралъад – море

Ралъдал рагIал – берег моря

Рахь – молоко

РачI - хвост

Расанди – игра

РасанкIаби – игрушки

РетIине – одевать

Рекьуда – на пахоте

РекIине – сесть \верхом\, в автобус, такси

РещтIине - слезать, выходить из машины.

Редиска – редиска

Рии – лето

Риидал – летом

РитIучI - олень

Рокьизе – любить

Росу – село

Рохь – лес

Руз – сова

РукIкIен – иголка

Рукъ – дом, квартира, изба,  жилище

Рукь – предплечье, ярмо

РухI - душа, жизнь, сила

СагIат – часы

Сайгак – сайгак

Салам – привет, здравствуй

Самолет – самолет

Сапун – мыло

СокIкIине – складывать

Стакан – стакан

Стол – стол

Сурат -  фото, потрет, изображение

Тайи – жеребёнок

Талган – редька

Такрар  гьаби – повторение

Таращ – щенок

ТоргIо – мяч

Троллейбус – троллейбус

Тукен – магазин

ТIавус – павлин

ТIагъур – шапка

ТIажу - брюки

ТIаде вахъине– вставать

ТIамах – лист, листва

ТIалъел – крыша

ТIарс – таз

ТIегь – цветок

ТIехь – книга

ТIикъва – подкова

ТIинчI - детёныш

ТIогьилаб – коричневый

ТIох – крыша

ТIутI - муха

Ункъо – четыре

Учитель – учитель

Унти – болезнь

Фонтан – фонтан

Ханжу – мука

Халича – ковёр

Хоно - яйца

Хадиро – грабли

Хасел – зима

Харицел – коса

Хер – трава

Хъабан – кабан

Хъабарча – тулуп, щуба

Хъубчул – шубы

Хъабахъ – тыква

Хъал – кора, кожура

Хъап – мешок

Хъарахъ – кустарник

Хъарпуз - арбуз

Хъвазе – писать

Хъвалхьине – колоть

ХъещтIеро – каток

ХъещтIезе – кататься на катке

Хъизан – семья

Хъил – асфальт

Хъухъадиро – пила

Хъухъазе – пилить

Хьаг – котёл

Хьибил – бок

Хьирхьири – шипенье

Хьухьине – вязать

ХIама – осёл, ишак

ХIамикIерт – ослёнок

ХIапаро – червяк

ХIетIе – нога

ХIатIал – ноги

ХIилла – хитрость, коварство

ХIор  - озеро, пруд

Ца– зуб

Цер – лиса

Ци – медведь

Цил тIинчI - медвежонок

Цо – один

Цо нухалъ – однажды

ЦIа – огонь

ЦIад – дождь

ЦIадираби – весы

ЦIазе – тянуть

ЦIали – учение, чтение

ЦIализе – читать

ЦIалдохъан – ученик

ЦIал – кнут

ЦIаргI - посуда

ЦIер-1 – лёд

ЦIер-2 – стекло

ЦIибил – виноград

ЦIиркъ – тигр

ЦIилицI - веник

ЦIияб – новый

ЦIорой – мороз

ЦIум – орёл

ЦIунцIра – муравей

ЦIурабакь – колбаса

ЦIумур – звонок

Чай – чай

Чайник – чайник

Чали – изгородь

Чанагъал – санки

Чарх – катушка

Чакмаби – сапоги

Чахъу – овца

Чед – хлеб

Черх – тело

Черх лъадаризе – закалять тело

Черекал – чувяки

Чехь – живот

Чирахъ – лампа, лампочка

Чордезе – купаться

Чу – лошадь

Чуризе - стирать

Чурпа – суп

ЧчугIа – рыба

ЧIалкIултIан – свекла

ЧIеп – плетеная корзинка

ЧIор – стрела

ЧIороло – перепел

Шагьар – город

Шал – платок

Шар – шар

Щиб /-в, -й/,  щал  - кто, что

Щар – айран

Щвата - носок

ЩвантIих – дудка

Щётки – щётка

Щуб – роса

Щуго – пять

Юргъан – одеяло

Яс - девочка

Ясалъул вас – внук

ЯсикIо – кукла-девочка

**II КЛАСС**

Адаб – уважение, почитание

Алжан – рай

АхIи базе – поднять тревогу, кричать

Багьа – цена

БагIли – черешня

Бакъан – мелодия

Байрам – праздник

Бакъ – солнце

балагьизе – посмотреть, находить, искать

Басандо – озорник, шалун

Бахчизе– спрятать, спрятаться

Бахиллъи – скупость

БахIарай – невеста

Бачине – водить, привести

Баччизе – возить

Бацизе – затыкать, закрыть, заделать

БацIине – избить, погнать

БацIцIине – почистить, вытирать, оправдивать

БацIцIунел – чистящие

БакIаб – тяжёлый

Бессизе – ткать

БетIербахъи гьабизе – жить, прожить

БечIазе – вянуть

БечIчIизе – доить

БецIизе – погасить,возместить, мстить

БецIцIизе – капать, стекать, сочиться

Бецизе – косить

Беццизе – хвалить

БецIлъи – темнота

Билизе – пропадать

Бичизе – продать, развязать

Биччизе – мокнуть

БичIизе – колоть

БичIчIизе – понять

Бижудаса – со дня рождения

Билъизе – разбавлять, растворить

Билълъине – ходить

БикьанагIан – по мере раздачи

Бис – тур

Бокьаралъубе – куда угодно

Богорукъ – кухня

Бокьулареб – неприятное

Бищун сахаб – самий лучший

БотI - вязь

БоцIи-панз – скот

Бугъа – бык

Борлъизе – бурить

Буртина – бурка

Буссине – вернуться

Бухизе – бить

Буххизе – черпать, снять

Буссизе – измельчать

БухIи – жара

БуцIана – тесал

БуцIцIине – стягивать.

**В**

ВагIза - наставление

Вахчизе – спрятать

Векьаризе – пахать

Вехь – чабан, пастух

Виххун хутIизе – растеряться

Вортанхъи – рвение

**Г**

Габурхалат – длинношейка

Газа – мотыга

Гвангва – белка

Гвангъизе – вспыхнуть, пылать , ярко гореть

Гвенд – яма

Гозо – клюв

ГохI - горка, холм

Гудрал гъуцIдукь – в тисках капкана

Гукки – обман

Гуккизе – обмануть

Гуккулей – обманывающая

Гулла – пуля, снаряд

Гулла гIадин – как пуля

**ГЪ**

Гъаларaб – лохматый

ГъарцIи – облепиха

Гъатахараб – многослойный

Гъвала – коза безрогая

Гъвари – вымя

Гъегъ – камнелом

Гъизараб – загрязненный

ГъотIоркIо – дятел

Гъуни – стог, куча

**ГЬ**

Гьайбатаб - прекрасное

Гьай лазат – как хорошо

Гьалаглъулеб чIор – гибельная стрела

Гьарза кквe – шире прояви

Гьалбадерилъ – с гостями

Гьарщизе – сыпать

Гьарзаяб – обильная

Гьелчизе – колыхаться, качаться

Гьими - улыбка

Гьимулаго – улыбаясь

Гьин гъезе – расставить силки

Гьодораб – пустой

Гьодори – дупло

Гьоло – бобы

Гьор – сеновал

ГьоркьобакI – отношение, середина

ГьоцIо – мёд

Гьури – ветер

Гьуърул – лёгкие

**ГI**

ГIагIадизе – хохотать

ГIадатIасан – с головы

ГIаданлъи – человечность

ГIайибал гьаризе – винить, порицать

ГIакIа ахIизе – оглашать объявление (глашатаем)

ГIаламат – признак, чудо

ГIалам – человечество

ГIанлъизе – долбить

ГIансахIинчI - снежная птица

ГIанхвара  - хомяк

ГIанчIаб – озорной

ГIарац билизе – потерять деньги

ГIаркьахарал – ветвистые

ГIасилъизе – взбеситься, погрешить, ослушаться Аллха

ГIари – стог, скирда, копна

ГIедераб – скорый, проворный

ГIералда чIун – стоя на жерде

ГIенеккизе – слушать

ГIеч – яблоко

ГIидра – молодая зелень

ГIицIал – голые

ГIодомина - одноэтажный домик

ГIомо – моток пряжи

ГIолохъанав – молодой

ГIор къазе – перекрыть реку

ГIорол горбоде – на вершину стога

ГIураби – лужайки

ГIуцIизе – создавать, организовать

**Д**

Давла – добыча

ДагIбадизе – спорить

Дандбазе - собирать

Данде рахъине – встречать, выйти на встречу

Дандияв – ровесник, противник

ДахIалав – ласковый, добрый, красавый

ДахIададал рахъалъан – от дедушки

ДегIенаса – кубарем, верх тормашками

Диналъул вац – брат по вере

**Ж**

Жавгьар - жемчуг

Жагъаллъизе – быть, стать непрочным, испортиться

ЖайрангIан – как джейран

Жанавар – зверёк

ЖалI-рачI - грива-хвост

Жемараб – завернутый

**З**

Загьру – отрава, яд

ЗагIипаб – слабый

Завалалъул гIадамал – люди в расцвете сил

Закъум – отрава, сильный яд

Зиярат – посещение, паломничество

Зоб – небо

**И**

Илбис – шайтIан

Иргадал – по очереди

Их – весна

Ихх – селевой поток

Иц - моль

Ицц – родник

Иццул лъар – родниковая речка

**Й**

Йорхун хьвадизе – ходить высокомерно

**К**

Канал  цIваби – яркие звезды

КаратI - дыра

Квалквадизе – заниматься, рыться в чем-либо

Квар – веревка

Кваркьи – крыло

Квачакъал – живущие в холоде

КвачI – лапа, рука

КвачIазда – на лапах (руках)

Квегъулезул – покорителей

Керчаб  – густой, пышный, мохнатый, косматый

Кквезе жувазе – броситься ловить

Квелъ – уздечка

Кин йохиларей – как не радоваться

Кули – хутор

Кивехун вугониги – где бы не был

**КЪ**

Къавуда – дома

Къадру – авторитет, достоинство

Къадараб рагIи – плохое, дурное слово

Къадако – воробей

Къад – днём

Къаси – вечером

Къадеквен – обед

КъатIипа – бархат

КъатIра – капля

Къвагъараб – раскаленный, горячий

Къвакъвадизе – кудахтать

Къварилъи 1 –  узкое место, теснина

Къварилъи  2 – теснота, грусть, недостаток, стеснение

Къварилъухъ – в ущелье, в теснине

КъалъизегIан – до полудня

Къвал – рукав

Къвали – земляной орех

КъвачIа – кожаный мешок

Къед – стена

Къеч – жажда

Къине  – иссякать, пропадать

Къо – день

Къокъа – группа

Къокъине – двигаться, отпрвляться

КъолъикӀ – прощайте

Къо-мех лъикӀ – до свидания

Къо тӀамизе – провести день

**КЬ**

Кьал – междуусобица, ссора, вражда

Кьалда – в бою, в борьбе

Кьибил – корень

Кьаралъарав – ожиревший

Кьвагьизе – выстрелить, взрывать

Кьер – цвет

Кьо – мост

Кьуру – скала

Кьурул нохъо – скальная пещера

КьучӀаб – основательный, твердый, крепкий

**КӀ**

КӀанцӀизе - прыгнуть

КӀал – рот

КӀалбегӀер – языкастая

КӀалгӀа – дворец

КӀалтӀа – у порога

КӀванкьа – рогатка

КӀвахӀ - лень

КӀвекӀизе – размягчать, измучаться, протирать

КӀетӀезе – стучать, колотиться

КӀудияй гӀезе – вырасти

КӀкӀал – овраг, ущелье, балка

КӀкӀара – комар

**Л**

Лагълъун ккезе – стать рабом

Лал тIамизе – молотить

ЛахIзат – миг

ЛахI - сажа

Лачен – сокол

**Лъ**

Лъадарарав – закалённый

Лъар – речка

Лъедон – вплав

ЛъикIаланго – достаточно

ЛъикIлъи – доброта

ЛъикI щвараб – добро пожаловать

Лъор 1 – граб

Лъор 2 – пазуха

ЛъунагIан – по мере складывания

Лъухьизе – подметать

**М**

Магьи  - слоновая кость

МагIишат – хозяйство

Мадугьал  - сосед

Мадугьалихъ – по соседству, в соседстве

МагIу– слёза, слёзы

МалгIун – окаянный, проклятый

Маргъал – жемчужина

Мах – берёза

Махх – железо

МахI - запах

МахI бачине – идти по запаху

МацI - язык

МегъчIван – вдоль полей

Мигьир – запас   (у грызунов)

Мискин-пакъир – бедняк

МоцI - луна

МочIу – ломтик

Мугъ-мучI - зерно-сечка

Мукъур – зоб.

МугIрул чIван – вдоль гор

Мухь – плата

**Н**

Наку - колено

Накку – соломеная мука

НакIкIирохь – сосновый лес

Нахъе хутIизе –  отставать

Недегьго – мягко, любезно

Нодохалалъухъе – вдоль лба

Нухлулав – путник

**П**

Пара – миг, мгновение

Парпадизе – развеваться, реять

Пархине – вспыхнуть, порхать

Парахат – в покое

Пахруго – гордо

Пахь – медь

Пашманаб – грустный

Пашманаб ххвел гьабизе – сделать печальный вид

Пинкь – мозоль

Пири – молния

Р

Рагьдухъ – у входа, у двери

Радалалде – к утру

Ракъи – голод

Ракъарал – голодные

Ракӏаризе – собираться

Рахан – закрыв

Раххан – деревянная лопата

Рахас – цепь

Рекъел – мир

Рекъечӏеб – неподобающее, дурное

Рекӏараб хвалчен – оточенная сабля

Рекъараб – подходящий

Релъине – красить (варить)

Релълъине – стать похожим

Релъулаго – смеясь

Рехтӏезе – кидаться (камнями)

Рехъен – отара, стадо мелкого рогатого стада

Ретӏелги квенги – одежда и пища

Рецутӏа – на сенокосе

Ригь – дом, время

Ригь-ригьалда – утром и вечером, время от времени

Рогьел тӏамилалдего – до рассвета

Рохьихъан – лесник

Рохьдохъан – пастух

Руссун – корыто (кормушка)

Ругъун – рана

Ратӏа – передяя нога (животного)

Рухӏ бачӏинегӏан – до восстановления сил

РухI - душа

**С**

Сайигъат – подарок

СанагIат – удобство

Сан – орган тела

Ссан – склон

Сапар – путешествие

Сасун – спокойно

Свак – усталость

Свараб – потухший

Свери – поворот

Свердезе – кружиться

Свинабизе – потушить

СихIкъотIи – тишина

СогIаб – грубый,  упрямый

**Т**

Талагьине – растаскивать

ТалихI - счастье

Тиризе – гулять

**ТI**

ТIагIел - инструмент

ТIагIине – исчезать, подеваться

ТIалу – валун

ТIадагьлъизе – стать лёгким

ТIел – стая

ТIелхал рагьун – открыв ресницы

ТеметIибагIар – красный гребешок

ТIеренаб – тонкий, слабый

ТIогьиллъизе – желтеть

ТIокIлъи – превосходство, излишек

ТIор – колос

ТIи – солод

ТIутI - муха

**У**

Унго-унгояб - настоящий

**Х**

Хадув лъугьине – гоняться за кем-то

Хазина – казна,  сокровище

Хараб гьабизе – опустошать, разрушать

Хараби – старики

Хахдезе – сосать соску

Хвасарлъи – спасение

Хваши  -  шорох

Хведер – стружки, щепки

Ххенезе – молоть

Хинлъи – тепло

Хиралъизе – любить, дорожить

Хулжал – хурджины

Хурхине – обниматься, вцепиться

Хурхен – связь

**Хъ**

Хъазан – котёл

Хъал – кора, кожура

ХъандарачI - куцый хвост

Хъарт – ведьма

Хъарахъ – кустарник

ХъахIилаб – голубой

Хъачагъ – бандит

Хъергъу – ястреб перепелятник

ХъещтIезе – кататься на чем-либо

Хъизан – семья

Хъил – асфальт

**Хь**

ХьвагIизе - махнуть

Хьвадизе – ходить

Хьвазе – исчезать, избавиться

Хъвани – лошади

Хьихьизе – содержать, кормить

Хьул лъезе – надеяится

ХьуртIизе – промелькнуть

**ХI**

ХIажатав – нуждающийся

ХIалхьи – отдых, покой

ХIалаб – насыщенный

ХIалигъун – бурно

ХIалухъин – зерно, урожай

ХIалтIанагIан – по мере работы

ХIалуцун кьабизе– бешено бить

ХIама – осёл

ХIамул – полозья

ХIанкъва – лебедь

ХIарараб нису – накрошенный сыр

ХIерен – ласковый

ХIетI - поступь

ХIораб цIцIе – яловая коза

ХIулидул гарал – пуховые комочки

ХIурмат – уважение

ХIур – пыль

**Ц**

Цагъур – закром горский

Цевехъан – вожак

Цер – лиса

Цин – сперва

Цил – угол

Ццин – гнев, злость

**ЦI**

ЦIа - огонь

ЦIам – соль

ЦIал – плеть

ЦIакъ хIажатаб – очень нужный

ЦIалкIу – сито, решето

ЦIар – имя

ЦIарагI - посуда

ЦIер – стекло, лёд

ЦIеркъай – оледнение

ЦIибил – виноград

ЦIикараб – сверкающий

ЦIилицI - метёлка

ЦIиркъ – тигр

ЦIодор – умница

ЦIодорлъи гьабизе – быть начеку

ЦIоко – шкура

ЦIорол Дада – Дед Мороз

ЦIум – орёл

ЦIудул малъал – орлинные когти

ЦIцIе – коза

Ч

Чабах – гравий

Чагъана – скрипка

Чан 1 - сколько

Чан 2 – дичь

Чан гьабизе - охотиться

Чвалхизе – плеснуть

Чвархъун – захлопывая

Чилла – шёлк, шёлковая нить

Чини – эмаль

Чилъи – мужество

Чури – пойло

**ЧI**

ЧIагояб – живой

ЧIалгIун хвезе – умирать от скуки

ЧIахI - зелень

ЧIвазе убить

ЧIинхал – камушки

ЧIороло – перепел

ЧIурканаб – изяшный, стройный

**Ш**

Шуризе – ползать

Шал – платок

Шиша – бутылка

**Щ**

Щакъи – чернила

Щар - айран

Щар чIвазе – сбить масло

Щоб - хребет

Щобилъан щинкIизе – скрыться за хребтом

Щуризе – шепнуть

Щурщудизе – шептать

**Э**

Эркенлъи – свобода

**Ю**

Юк – груз

**Я**

Язихъав – беспомощный

Ярагъ – оружие

ЯхI - терпение

**III КЛАСС**

Адаб – уважение, почитание

Аби – поговорка

Авлахъ – равнина, степь

Агъаз – забота

Ада – тётя

Азбар – двор

Алат – орудие, инструмент

Анищ – мечта

Аслу – основа

Ахбазан – абрикос

Ахир – конец, окончание

АхIи базе – поднять тревогу

БецIлъи – темнота

Бачине – водить

Бичизе – продать, развязать

Барщараб – спелый

БецIизе – возмести

БецIцIизе – капать, сочиться

БуцIизе – (об)тесать

БуцIцIине – стягивать, закладывать

БичIизе – колоть

БичIчIизе – понять

БечIазе – вянуть

БечIчIизе – доить

Бессизе – ткать

Буссине – вернуться

Билизе – пропадать

Бокьаралъубе – куда угодно

Бищун сахаб – самый лучший

Байрам – праздник

Богорукъ – кухня

БоцIи-панз – скот

Бис – тур

БотI - вяз

Буртина – бурка

Векьаризе – пахать

ВагIза – наставление

Вакъизе  - голодать

Вахчизе  - прятаться

Вегизе - лечь, ложиться

Вехьлъи гьабизе – пасти скот, овец

Гвангъизе – светиться

Гукки – обман

Гуккизе – обмануть

Габур – щея

Гагу – кукушка

Гали – шаг

ГамачI - камень

Гамущ – буйвол

Гаргар – разговор

Гвенд – яма

Гиризе – покатиться, скатиться

Гуро – нет

Гъизараб – загрязнённый

ГъуцIизе  - навостриться

Гъине – падать /фрукты, листья/

Гъегъ – груда камней, камни, щебень

Гъуни – стог, горка

Гъадар –  тарелка

Гьор – сеновал

Гьодори – дупло

Гьан – мясо

Гьалбадерилъ – в гостях

Гьарщизе – сыпать

Гьай лазат! – как хорошо!

Гьарзаяб – обильная

Гьайбатаб – прекрасное

ГьацIукьер – медовой цвет

Гьури – ветер

ГIункIкI - мышь

ГIари – стог

ГIидра – зелень /молодая/

ГIажаибго – удивительно

ГIедерав – проворный

ГIанчIаб  - озорное

Дандран – объединив

Даимаб – вечной

Дурусаб – точный

Жавгьар – жемчуг

Жагъаллъун букIине – быть поврежденным

Жал – грива

Жергъен – бубен

Жанавар – зверь

Жаниб – внутри

Жинс – род

Жубай – плюс

Жубазе – прибавить

Жут – пара

ЗагIипаб  – слабые

Загьру – отрава, яд

Закъун – яд (сильная)

Заман – время

Зарар – вред

Зар – кулак

ЗахIматаб – трудный

Их – весна

Ихдал – весной

Ихх – дождевой поток

Изну – разрешение

Илхъи – табун

Илхъичи – табунщик

ИмгIал – дядя

Инсан – человек

Исана – в этом году

Ирга – очередь

Итни – понедельник

Иш – дело, работа

Квачакъал – обездоленные

КантIогьиллъизе – стать яркожёлтым

Кваркьи – крыло

Ккал – плесень

КIкIара – комар

КIалбегIер – языкастая

КIкIуй – дым

Квелъ – уздечка

Квалквадизе – хлопотать, возиться

Керчаб – пушистый

Къадру – достоинство, авторитет

Къадараб рагIи – плохое (дурное) слово

Къад – днём

Къазе – закрыться, закрываться

Къали – барабан, мерка (I2 кг.)

Къвали – бутень

КъватI - улица

Къокъине – идти, шествовать

Къо тIамуна – провел день

Кьабизе – бить, побить

Кьарияб – тучный, жирный

Кьезе – дать, давать

Кьенсер – бровь

Кьижизе – спать

Кьуру – скала

КӀалъазе – говорить, выступать

КӀаркьен – щека

КӀвезе – смочь

КӀветӀ - губа

КӀкӀвазе – сбрить

КӀанцӀизе – прыгнуть

КӀанцӀезе – прыгать

КӀийилаб – двойка

КӀитӀанкӀ - двоеточие

КӀутӀизе – стучать

Лажбар – краска

Лал тӀамизе – молотить

Лачен – сокол

ЛахӀ - сажа

Лимон – лимон

Лимонад – лимонад

ЛъабцӀул – трижды

ЛъагӀел – год

Лъазе – знать

Лъай – знание

ЛъалкӀ - след

Лъалъазе – поливать, орощать

Лъедезе – плавать

Лъелго – пешком

Лъие – кому

Лъим – вода

Лъимер – ребёнок

Лъухьизе – подметать

МагӀна – смысл, значение

Маймалак – обезьяна

Макру – коварство

Макъала – статья

Мах – берёза

Маргьа – сказка

Мармар – мрамор

Масала – например

Масъала – задача

МахIу – нога (от колена)

Махх – железо

Мегъ – поля и сады

Микьир – персик

Милъиршо – ласточка

Мисал – пример

Мокъокъ – курапатка

Мадугьалихъ – в соседстве

МугIрул чIван – вдоль гор

Накку – соломенная мука

Накъит – беседа

НакIкI - туман, сосна

Намус – честь, совесть

НасихIат – нравоучение, наставление

НатIухI - халва

Нахъеккей – отставание

Нахърател – запас

Нечезе – стыдиться

Нух – путь, дорога

Оборав – хитрый

Огъохъат – ладонь

Огьо-гьой – ой, ой, ой

Пайда – польза

Пайдаяб – полезный

Палугьан – канатоходец, акробат

Пара – миг

Парахат – в покое

Пархизе – мелькнуть

Паракъат – спокойно, нормально

Пашманаб – печальный, грустный

Пикру – мысль

Пири – молния

Полоп – пена

Пунхъизе 1– фыркать

Пунхъизе 2 - брызгать

Рагьдухъ – во дворе

Радалалде – к утру

Раккури – пар, залежь

РачI - хвост

Рохьихъан – лесник

Сабру – терпение

СагIан – мята

Ссак – бык моста

Свак – усталость

Саламат – благополучно

Сапар – поездка, поход

Сахлъи – здоровье

Сахаб – здоровая, лучшая

Сордо – ночь

Си – башня

Тадбир – мероприятие, аккуратность

Такрар – повторение

Тала – поляна

Тамахаб – мягкий

ТамихI - наказание

Тарбия – воспитание

Тезе – оставить, оставлять

Тира-свери – прогулка

Тухум – род-племя

ТIад, тIаде, тIаса – наверху, наверх, сверху

ТIадагьлъизе – стать легким

ТIадкъазе – поручить

тIегь – цветок

ТIеренго – тонко

ТIеренаб – тонкий

ТIех – толокно

ТIогьиллъизе – желтеть

ТIор – колос

ТIорахь – сметана

Угьаризе – вышивать

Угьдизе – стонать

Ургъизе – думать

Унго-унгояб – настоящий

Унтизе – болеть

Унти – боль

Унтарав - больной

Устар – мастер

Учузаб – дешевый

Форма – форма

Хехлъи гьабизе – спешить

Хведер – стружки

Хъаба – горшок

Хъамизе – утащить

Хъала – крепость

Хъаравул – караул

Хъасизе – чесать

Хъарсизе – царапать

Хъуризе – дробить

Хьазе – сеять

ХьачIун – медленно

ХIарараб чед – измелчённый хлеб

Цебего – давно

Цебебухь – фартук

Церекъад – позавчера

Цинги – затем, потом

Цолъизе – объединиться

ЦIвакараб – блестящий

ЦIоко – шкура

ЦIулакьо – орех

ЦIакъ хIажатаб – очень нужный

ЦIодорлъи гьабизе – быть начеку

ЦIодор – умница

Чанахъан – охотник

Чвердезе – купаться

Чи – человек

Чили – журчанье

Чвалхи – плесканье

Чорокаб – грязный, испачканный

ЧӀалгӀен – скука

ЧӀанчӀур – слива продолговатая

ЧӀанда – болтавня

ЧӀандачи – болтун

ЧӀар – сорняк

ЧӀикӀизе – (об)лизать, (по)лакать

Шагьра – шоссе

ШагӀир – поэт

Шал – платок

Щуризе – шевелиться, ползти

Щапизе – свалиться

Щай – почему

Щамат – суббота

Щенезе – моросить

Щурщудизе  - шептать

Щулаго – прочно

Щулияб – прочный

Щуризе – шепнуть

Эркенлъи – свобода

Эркенго – свободно

Эхебе – вниз

Эхеде – вверх

ЭхерегӀел – спуск

ЭхедерегӀел – подъём

Эхетизе – стоять

Юк – груз, ноша

Юргъачу – конь-иноходец

Юргъан – одеяло

Ярагъ – оружие

**IV КЛАСС**

Аваданлъи – веселье

Аскар – войско

Агъаз – забота

АхIизе – петь

Азарго – тысяча

Бакълъабазда – на солнечной стороне склона

Батараб жо – находка

Бахьикъос – негодяй

Байрам къо – день праздника

БакъинегIан – до заката солнца

Базарган – купец

БекичIеб – неполоманный

БекIтIами – игра в кости

БегIерал малъал – острые когти

Бер бахъизе – выбить глаз

Векерун – бегом

Воре – чурь, смотри, осторожно

Габурги цIабуцIун – вытянув шею

Гара-чIвари – беседа

Гебегун ине – покатиться кувырком

Гелгедизе – шарить

Гозо – клюв

Гочараб гIадин – плавным бегом

Гъургъур – воркование

Гъугъдузулъ – в камнеломах

Гьаб(-в, -й, -л) - это, этот, эта, эти

Гьадинго – кроме того, просто так

ГьацIул къали – бочка мёда

Гьегь – плетённая карзина

Гьединлъидал – поэтому

Гьогьен – прохлада

Гьор – сеновал

ГIадан – человек

ГIажаибаб асар – дивное чувство

ГIакълу – совет

ГIанкIу – курица

ГIантав – тупой

ГIарахъ – стог сена

ГIегIедизе – кукарекать

ГIодове виччазе – успокоиться

ГIомогоро – комок

ГIункIкI  - мышь

ГIурччинлъи – зелень

Даци – дядя

Дун – я, дир – мой

Жайран – газель

Зазихараб – колючий

Зар – кулак

ЗахIмат – труд

ЗахIмалъанила бетIербахъи гьабизе – жить стало трудно

Зиярат – посещение

Зулму – насилие

Иш – дело, работа

Ишан – прицел

Ишара – намек, метка, знак

Иш-пиша – дело, занятие

Каву – ворота

Какизе – осуждать, критиковать

КватIизе – опаздывать

Калам – слово, речь

Канлъи – свет

Кваназе – есть, кушать

Квач – холод

КвачI - лапа

Кеп – кайф

КаратI - дыра

Квешлъи – зло, вред

Кумек – помощь

Къваридаб  кIал – узкое горло

КъагIида – метод, способ

Къадру – достоинство, авторитет

Къазе – закриваться

Къайи-къоно – домашняя утварь

Къалам – карандаш ручка

Къанщизе – закрывать глаза

Къаси – вечером

КъатIизе – прекращаться

Къацандизе – спорить

Къед – стена

Къезе – быть побеждённым

Къеркьезе – бороться

Къец – спор, соревнование

Къечезе – испытать жажду

Къиса – повесть

Къосарав вас – блудный сын

КъотIизе – резать

Къункъраби – журавли

Кьабизе – бить, побить

Кьаралъизе – жиреть, полнеть

Кьагьизе – стрелять

КьватIизе – треснуть, лопаться

КьегIер – ягнёнок

Кьезе – дать, давать

Кьерхен – непогода, ненастье

Кьибил – корень

Кьили – седло

Кьо – мост

КьогIаб – горький

Кьурул гIусалда – на выступе скалы

КIаз – платок

КIалтIа – у ворот, двери

КIалъазе – говорить

КIанцIезе – прыгать

КIаркьен – щека

КIарчамаб – забавный, игривый

КIвахI - лень

КIвезе – суметь, мочь

КIкIуй – дым

КIутIизе – стучать

КIусизе– приседать

Лага – часть тела

Лагълъи – рабство

Лазаталда – с удовольствием, с наслаждением

Лалу – свирель

Ламадур – морковь

ЛахIзат – миг

Лачен – сокол

Лол – загон для скота

Лъабго – три

Лъабилаб – тройка

ЛъабцIул – трижды

ЛъагIел – год

Лъади – жена

Лъазабизе – учить, выучить

Лъазе – знать

Лъай – знание

Лъай-хъвай – знакомство

Лъалъазе – орошать, поливать

Лъедезе – плавать

Лъезе – класть, положить

Лъелго – пешком

ЛъикIлъи – добро

ЛъикIаб – хороший

Лъим – вода

Лъугьине – войти, выйти

Лъутизе – убежать

МагI - гвоздь

МагIу – слеза

Мадугьал – сосед

Макру – коварство

Макьу – сон

Малъи – учение

Малъизе – учить

МахI сунтIизе – нюхать запах

Мерхьунаго – топча

Микк – дуб

Мокъокъ – куропатка

Мугь – зерно

Нагагь – вдруг,  случайно

На//най – пчела

Наку – колено, мотив

Накку – соломенная мука

Накъит – беседа, разговор

Накъищ – узор, резьба

НакIкI – сосна

Намус – честь, совесть

Наслу – потомство

Нахъа – позади, после

Нахъе – назад

Недегьаб – ручной, прирученный

Нису – сыр, творог

Нич – стыд

Нодо – лоб

Нус-1 – нож

Нус-2 – невестка

Нух – путь, дорога

НуцIа – дверь

Огьохъат – ладонь

Огь – ах, уф

Огьо-гьой – ой-ой

Охцер – огурец

Оц – вол, бык

Паркалда сверизе – гулять по парку

Паркъизе – мелькнуть

Партал – одежда

Парччи – кувшин (глиняный)

Паракъат – спокойно, безапасно

ПасихIлъи – красноречие

Пача – царь, король

Пири гIадин – как молния

Пихъ – фрукты

Пиша – ремесло, профессия

Полоп – пена

Пуйзе – дуть

Пу й-чIвай – метель

Рагъул хъала – военный крепость

Рагъида – на веранде

РагIи-хер – сено-салома

Разилъизе – согласиться

Рахьдал мацI - родной язык

РекIкI - коварство, обман, подвох

Реххараб чIор – пущенная стрела

Ризго – густо

Росу – село

Росу рагIалда – на краю села

Роххел – радость

РукIкIен – иголка

РухIчIаголъи – живое существо

Рурудизе – реветь

Рукъ – дом

Рокъоб – дома

РукIкIалаби – моршины

Сабру – терпение

Саву – иней

СагIат – час, часы

Сайигъат – подарок

Сваказе – уставать

СанагIаталда – в удобном виде

СандукI - ларь для муки

Салам – привет

Салмаг – ковёр без ворса

Сали – песок

Сапар – поезда

Сапун – мыло

Сахаватлъи – щедрость

Сахлъизе – выздоровить

Сах-саламат – благополучно

Сверухъ – вокруг

Свине – гаснуть

СихIираб – хитрый

Сорозе – дрожать

СунтIизе – нюхать

Сурат – картина

Суризе – опозориться

Тайпа – род, порода

Такрар – повторение

ТалихI - счастье

Тамахлъизе – смягчиться

Таращ – щенок

Тарбия – воспитание

Тарбиячи – воспитатель

Тартиб – порядок

Тастикъ – утверждение

Татуяб  - вкусный

Тезе – оставить

Тиризе – гулять

Тохлъизе – зевать, упустить из виду

Туризе – гнить

ТIадречIчIи – нападение

ТIалаб  - забота, требование

ТIегь – цветок

ТIасан – сверху

ТIегьазе  - цвести

ТIезе – рвать, сорвать

ТIехIине – отупиться

ТIоноцI - макушка

ТIор – колос

ТIох – крыша

ТIом – кожа

ТIубазе – выполнить, закончить

ТIуцаб – низкий

Угьине – вышивать

Удаман – старший чабан

Узданаб – стройный

Унти – болезнь

Ургъизе – думать

Учузго - дешево

Учузаб – дешёвый

Хабар – весть, рассказ

Хадув гъезе – догонять

Халатаб – длинный

Халича – ковёр

Халкъияб - народный

Ханжу – мука

Хχаризе – лезть, лазать

Хасел – зима

Хχенезе – молоть

Хер – трава, сено

Херлъи – старость

Херав  - старый

Хехго - быстро

Хинлъизе – согреваться

Хирияб – ценный, дорогой

Хъаба – кувшин

Хъабахъ – тыква

Хъала – крепость

Хъамизе – унести, похитить

ХъантIизе – жадничать

Хъарсизе – царапать

Хъарщи – доска

ХъахIаб – белый

ХъегIезе – кашлять

Хъублъизе – загрязниться

Хъудизе – щуметь

Хъухъазе – пилить

Хьаг – котёл

Хьазе – сеять

Хьадарго – медленно

Хьандезе – ругаться

Хьвадизе – ходить

Хьиндада – в долине

Хьихьизе – кормить

Хьибил – бок

Хьирхьидизе – шипеть

Хьул – надежда

Хьухьине – вязать

ХьуцI - болото

ХIадурлъи – подготовка

ХIажат – нужда

ХIазе – играть

ХIайранаб – изумлённый

ХIакъаб – истинный

ХIал – сила, состояние

ХIалухъен – хлеб, урожай зерна

ХIал дагьлъизе – ослабеть

ХIамбал – носильщик

ХIехь – пень, чурбан

ХIанчIизе – кусать, укусить

ХIинкъизе – бояться

ХIухьлачунеб цIурачед – горячее чуду

Цадахъ – вместе

Цебего – давно

ЦебетIезе – развиваться

Цогидаб – другой

Цойилаб – единица

Цолъи  - объединение

Цудунго – рано

Цудунаб – ранний

Ццуризе – набухать

Ццин – гнев

ЦӀакъаб – отличный

ЦӀализе – учиться

ЦӀахӀилаб – серый

ЦӀар рагӀарав – известный

ЦӀехезе – спросить

ЦӀунизе – охранять, беречь

ЦӀилъизе – обновляться

ЦӀогьор – вор

Чагъана – скрипка

Чадил рекел – обломки хлеба

Чарлъизе – пестреть

ЧӀаголъизе – оживать

ЧӀалгӀине – скучать

ЧӀикӀизе – облизывать

ЧӀинхъи – шорох

ЧӀухӀухъан – гордец

ЧӀучӀади – дерганье

Шагьар – город

Шагьра – шоссе

ШагӀир – поэт

ШартӀ - условие

ШартӀияб – условный

Щай – зачем

Щекъер – горло

Щвезе – достичь, доезжать, прибыть

Щенезе – моросить

Щобда – на гребне горы

Эбел-эмен – родители

Эгъе - пятка

Эркенлъи – свобода

Юргъа – иноходец

Ябу – кляча

Ягъзин – подлец

Якъут – яхонт

Якьад – тёща

Яравул - тренировка

Ярагъ – оружие

Яравулчи – тренер

ЯсикIо – кукла

Ятим – сирота